


Pòt Ki Jis La

 Mèsi, Frè Neville. Mèsi. Sa tèlman bon pou retounen nan Kay Bondye a. Sa toujou fè m plezi lè m tounen nan tabènak la, sa pa gen enpòtans kèlkeswa kote m ale a. Gen yon bagay nan ansyen ti kote sa ke m renmen retounen ladann. Se jis, o, mwen. . . Se te premye ak sèl legliz mwen te pastè ladann. E li jis sanble l bon pou retounen isi a ankò. E m kwè ke nan gran maten sa a lè solèy la refize klere e zetwal yo tenyen limyè yo, mwen kwè pral gen kèk nan tabènak sa k ap prezan la jou sa a, ki lave nan San Ayo a. M ap chache wè tan sa a.

² Antan m ap vin nan sal la kounye a menm, mwen kontre ak Sè Arganbright dèyè a la. Epi l t ap di m ke te gen kèk moun isi a ki te nan reyinyon Kingston lan, ki t ap vizite nan moman an, e mwen. . . la. . . sitèlman kontan pou m genyen yo isi a kòm yon temwayaj. Kèlkeswa kote yo ye a, si yo va leve men yo anlè, sila yo ki te nan reyinyon Kingston lan nan Jamayik. Jis, wi, nan fon dèyè a. Trè byen, sa a bon.

³ Mwen wè afich Oral la. M imajine nou deja anonse reyinyon l yo. M pa t konn sa jouk, dat yo, jouk yè. M panse l ap kòmanse le sis, se pa sa? Sis rive le kenz, Frè Roberts nan Louisville. Bon, al tandè li. Frè Roberts se on—on bon jan zanmi m, e yon reyèl sèvitè pou Kris. E m sèten n ap pran plezi nan mesaj li yo, sware apre sware. E yon. . . pa li, antan l ap lapriyè pou malad yo, mwen—mwen sèten nou pral wè Bondye k ap bouje, paske li se yon gran gèye pou lafwa, se sa Frè Roberts ye, e yon nonm ke Bondye sèvi avè l ak pwisans. E ministè l la grenpe depi. . .

⁴ M sonje lè m te rankontre Frè Roberts pou premye fwa, li te nan yon ti tant tou chire nan St. Louis, Missouri, e m te. . . non, Kansas City, Missouri. E m te nan Kansas City, Kansas, nan yon oditoryòm. Li te chita sou chèz devan an. Apre sèvis la te fini, nou te vire al dèyè a epi nou t ap pale. Yo te prezante m ba li. Li pi jenn pase m; Oral nan kòmansman karant an l yo. Epi kidonk li te di: “Èske w panse Bondye ta vle koute priyè m pou malad yo?”

M di: “Frè, L ap tandè priyè nenpòt moun ki va priye.” Ebyen, li te kòmanse, epi l di: “Men m prale!”

⁵ E li se yon nonm trè entèlijan, ak yon edikasyon nan kolèj, katran sikoliji, e m sèten li se yon—li se yon nonm entèlijan. E li rive yon kote kounye a kote li gen yon ekip konseye nan viwonn li, e bagay konsa jouk, lè l pale, li—li reflechi. E w ap vrèman pran plezi nan li, mwen sèten.

⁶ E kidonk kounye a mwen ta renmen bay jis yon ti rapò sou kisa Seyè nou an te fè nan ti reyinyon enb nou an nan Jamayik ak nan Pòtoriko. Se te nan yon bagay dwòl ke m t ale, paske

anpil apèl te rantre. Tankou Leo isi a konnen, ke telefòn lan. . . E pandan yon semèn, reyèlman gen dè santèn de kote ke yo rele pou reyinyon. Men kanmenm mwen renmen santi mwen kondwi pou m ale kote m ale yo, tankou pou sa. Si m ale paske nonm lan te voye m ale, alò m ale nan non legliz sa a oswa òganizasyon sa a. Si m ta ale paske Frè Neville te di m ta dwe ale, m ta dwe ale nan non Frè Neville. Men m renmen ale lè Jezi voye, konsa ou ka ale nan Non Seyè Jezi a, pou rankontre moun yo.

⁷ E m te lonje sou kabann lan, e m te on ti jan fatige. Vale sa a, to ou ta, m pral gen pou m kite vale sa a, paske li jis ap rache gòg mwen nan yon pwen sitèlman kote se jis a pèn si m ka sipòte l. M ka pa la epi m retounen. . . Nou vini lòt jou a, Leo avè m, sa te fè swasannkat kilomèt, apre n te nan marekaj an Florid yo, gòg fin byen klè, epi nan swasannkat kilomèt de Louisville li te kanpe ankò. Frè Banks Wood dwe isi a yon kote maten an. E lòt jou a antan m ap antre sot Kingston epi—epi Pòtoriko, kote gòg mwen te jis pafè; epi m te desann avyon an, toujou kòrèk trè byen; e anvan n te ka rive Jeffersonville, li te fenmen ankò. Ou wè, se vale a isi a. Se bateri a nan lè a, osinon se Bondye, youn, k ap eseye fè m ret lwen. Kidonk, mwen—mwen pa konprann li. M te lapriyè epi mande tèlman anpil fwa.

⁸ Men, tout jan, m te fèk leve, li te apeprè twa zè di maten. E madanm mwen ak ti pitit gason m lan t ap dòmi. E m te leve arebò kabann lan, e m te wè yon gwo kantite moun ki te rasanble nan yon kote ki laj, e m di Billy Paul: “Oumenm antre anndan la epi bay moun sa yo kat pou lapriyè.”

⁹ E l di: “Oke, papa.” Li te retounen nan kèk minit, epi l di: “Ou pa ka bay moun sa yo kat pou lapriyè.” Li di: “Ou wè nonm sa a ki kanpe isi a?”

Mwen di: “Wi.”

¹⁰ Li di: “Li te bò isi a, epi m di: ‘Tout moun ki vle yon kat pou lapriyè, leve men nou.’” Epi m di: “M t al ba l yon kat pou lapriyè, li t al yon lòt kote. Epi apre sa m t al lòtbò a, epi li te yon lòt kote. Kounye a men l deyè nèt bò isi a.” Li di: “M pa menm ka distribye yon kat pou lapriyè.”

¹¹ Mwen di: “Ebyen, Billy, ou p ap bezwen distribye kat pou lapriyè, paske sitèlman gen yon gwo espas isi a jouk tout moun ka. . .” Kat pou lapriyè yo se pou anpeche yon deblozay. . . ou wè, epi pou kenbe yo an òd. M di: “O, m ka pran tout moun la a, pa plis pase sa k genyen nan espas ke m genyen an, epi aliyen yo epi priye pou yo youn pa youn.”

¹² Epi l di: “Dakò.” Epi l te vire a dwat epi l te pati kite m. Epi m te vire nan direksyon sa a antan li t al nan direksyon sa a, epi m t ap gade l.

¹³ Epi m te tandè yon Vwa ki desann sot nan Syèl, epi L di: “Men nan moman sa a Mwen pral kòmanse fè w vin pi gran.” Epi m te

gade, e m pat janm wè yon foul moun konsa, yo te anvayi sot toupatou.

14 E yo te rele non Frè Roberts, Li di: “Kounye a Frè Oral Roberts ap vin wè w.”

E m di: “Kijan m dwe salye Frè Roberts?”

Li di: “Jis menm fason li salye w.”

15 Ebyen, m te wè Frè Roberts k ap vini ak yon kostim nwa sou li, ak yon ti chapo tankou Bing Crosby konn mete l, ti piti sa yo pou vire monte epi rale desann, yon ti chapo nwa. E m te kanpe on jan anlè, e l te gade anlè epi l di: “Alo, Frè Branham.”

E m te di: “Alo, Frè Roberts,” m te ba l lanmen.

Li di: “Ou gen yon bèl foul moun.”

16 Mwen di: “On bon jan foul moun, Frè Roberts.” Epi l te vire e l t al nan direksyon Billy t ale a, a dwat.

17 E m te panse: “Kote m ap met kò m pou m pale avè yo?” E m te eseye toupatou pou m jwenn yon kote pou m pale. M te nan yon sitiyaasyon sitèlman, yon bagay anba, ke m pat ka wè ki kote pou—pou m pale avè yo.

E yon moun di: “Ebyen, vin pa bò isit.”

18 Mwen di: “Ebyen, ou pa t ap ka wè pi byen la.” E m te kòmanse travèse kote a. E m te sonje sa a lè sa, mwen di: “Bagay ki pi enpòtan pou m fè se rete enb nan kè m, tout tan, devan Bondye ak pitit Li yo.”

19 Epi m soti nan vizyon an. E m te panse: “Kisa sa vle di? Petèt sa vle di nou pral gen tèt bagay . . . Oswa ki kote—ki kote l pral ye a?” Ou wè, pafwa, nan vizyon yo, Li pa di w jis ki kote, Li—Li jis pale epi ou jis . . . Se an parabòl, konsa. E mwen sèten noumenm ki li Bib la nou konprann sa.

20 Epi apre sa m t al nan sal ki devan an epi m te chita pou yon ti moman, epi l te nan zòn twa zè edmi oswa katrè di maten yo. M te reyèlman gen dòmi. M te retounen epi m te kouche, e m te fè yon rèv, e se te rèv ki pi dwòl la. E pi fò nan nou tout konn youn nan manadjè yo, Jack Moore. Frè Jack Moore, m konnen l sa fè anpil lane. M te panse ke m t ap soti ak pitit fi l la, yon tifi nan disèt lane yo konsa, epi m t ap kenbe men l, mennen l sou tèt ti mòn lan, ti Jackie. Ebyen, m te konnen l depi l te jis yon ti bebe nan tete. Epi m t ap mennen l sou tèt ti mòn lan, e m t ale nan yon distans twa blòk anwo ti mòn lan, ap mennen tifi sa a. Epi nou te rive anba yon gwo pyebwa, epi l te chita. Epi tankou anpil tifi adolesan jodi a li te mete jip sa yo ki, ou konnen, on jan bonbe, epi l te mete youn nan kalite jip sa yo. E l te pran ti jip sa a epi l on jan louvri li epi l chita. E tankou jenn moun yo konn abitye ap gade youn lòt, li te kwaze men l *konsa* epi l kòmanse ap gad anlè nan syèl la. Ebyen, Jackie se yon tifi trè debyen, men li gen yon gwo gwo bouch ak gwo gwo je, ak cheve on jan koulè sab, pa twò

atiran, men yon reyèl ti demwazèl. E m te ka wè gwo je l yo antan l t ap gade syèl la, e kijan syèl la te klere nan je l yo.

²¹ Ebyen, m te elwaye de senk pye de li, e m te on jan lonje sou kote *konsa*, e m te pran yon pay epi m mete l nan bouch mwen, epi m kòmanse moulen pay sa a. E m kòmanse panse: “Kisa m ap fè anwo isi a? Franchman, mwenmenm yon vye mesye, epi ak jenn fi sa a. Franchman,” mwen di: “Mwen marye epi m gen yon pakèt timoun. M pa gen okenn afè pou m fè isit la ak jenn fi sa a.”

²² Epi m te kòmanse leve kanpe. E, lè m te fè sa, yon Vwa te soti nan pyebwa a, epi Li di: “Sa se pou yon siy ak pou yon kòz.”

²³ Epi m te leve, e m te prèske rele, yon—yon move rèv. M te panse: “O, m mande m si sa vle di ke m pral retwograde oswa yon bagay pral rive m?” Ebyen, m te panse: “Si m al pou m eseye sèvi ak lespri mwen, lè sa a m ap vin mele nèt, alò m ap jis ret tann Bondye.” Epi m te kòmanse lapriyè. Mwen di: “Seyè, èske rev sa a gen rapò ak vizyon sa a jis nan premye pati nwit lan, oswa kisa l vle di?”

²⁴ Apre m fin tann kèk tan, petèt inèdtan (Madanm mwen te deja leve e l te pare dejene an.), alò Vwa a te retounen ankò, e L di: “Ale nan Kingston, epi la yo va di w sa pou fè.”

²⁵ Alò, m t al Kingston imedyatman. E nan jedi apremidi yo—yo te konnen ke m t ap la nan vandredi. Se tout reklam nou te genyen. M pa twò bon nan fè . . . ? . . . oswa nan fè estimasyon foul yo, paske m abitye egzajere sou sa. Men premye nwit la, m ta di nou te genyen anviwon douz, o, nan mil de san moun yo konsa, deyò, paske yo te jis konn sa sa te fè yon jou. Epi nan demen yo te kòmanse fè kourè ap kouri pou sis kilomèt, nan relè, sou tèt mòn yo. Yon sèl kourè t ap kouri pandan katrèdtan, epi apre kite kèk lòt kourè kontinye monte mòn lan. Epi dezyèm nwit la te gen apeprè senk mil. Epi twazyèm nwit la yo te estime l nan kenz mil yo, petèt nan ven. E te gen mil fwa mil yo ki te vin jwenn Seyè a.

²⁶ E vizyon an se te, ti legliz la, tifi a te yon vyèj, jis yon timoun, e sa te vle di vijinite legliz la. E distans twa blòk la pou rive sou tèt ti mòn lan, se te twa jou mwen t ap preche yo. E m pran ti legliz vyèj la pa ministè m lan, depi nan kote l te ye a, kontinye pi wo nan bagay Bondye yo, jouk li te sekwe zile a an antye.

²⁷ E, o, minis yo ak moun nan viwonn yo, k ap kriye e k ap sipliye e k ap konvenk: “Jis yon nwit oswa de an plis,” ofisyèl vil la.

²⁸ Nou te kite la pou n t al Pòtoriko. La yo te akeyi nou ak yon gwo, gran lonè, epi dè milye fwa milye moun te plen pis la, jouk yo te estime l a kèk karant mil nanm presye ki te vin jwenn Seyè Jezi. E antan bagay yo t ap avanse, mwen espere mwen . . . M ta di pwòp legliz mwen an sa, men m pat ka fè l deyò a an piblik, nan zòn kote pa gen moun lakay, paske yo ta ka pran l mal. Men

mwen gen non jij la isi a sou yon moso papye, ki te fè diskou a lè nou ta prale, isi a menm, limenm ak ekip li.

²⁹ E mwen. . . Li—li te di: “Nou te onore nan zile a pou n gen diferan minis.” Li di: “Lè Mesye Billy Graham te fèk kite zile a sa pat fè lontan,” epi l di, “nou te gen yon—yon reyinyon glorye,” li di: “men Billy Graham te jis pote ban nou menm Levanjil ke nou te toujou tande a.” Li di: “Après nou te gen lonè pou nou gen Mesye Roberts sou zile a,” li di, “e Mesye Roberts te ban nou yon gwo reyinyon pandan twa jou. Men,” li di, “depans yo te sitèlman wo nan lotèl la,” li di, “li te kite transenk mil dola pou twa nwit, kòm depans pou lotèl la.” Li di: “Après Mesye Osborn te isi a, ki te yon gran sevèté Kris. Men,” li di, “lè Mesye Osborn te pati, te gen yon desepsyon,” li di, “sanble tout bagay te pati.”

³⁰ “Men,” li di, “nou te remake nan reyinyon sa a ke reyèlman pa t gen apèn yon moun sou lestrad la pou Frè Branham priye pou li. Men,” li di, “apre sèvis yo te fini, nou te pran kamyon chajè ak vye chèz ak baton ak tout bagay, ki soti nan oditwa a.” Li di: “Se pat yon nonm fwa sa a, se Bondye k te vin jwenn nou,” li di.

³¹ Mwen di: “Pa ret tann priyè m yo; men priyè pa nou yo la a, mete men nou youn sou lòt.” Epi yo te mennen petèt yon douzèn oswa de sou estrad la, epi, lè disènanman a t ap desann, moun yo te jis ap rele. Nou te desann nan yon lotèl katrityèm klas, epi nou te peye tout depans pa nou yo ak tout depasman nou yo, noumenm.

³² Noumenm ki te ede fè sa, noumenm, ak dim ke nou voye pou mwen yo. Se sa k te fè l. E m vle nou konn sa, nan tout sa yo, nou gen yon pati ladan l. E nan gran jou glorye k ap vini an, Bondye pral rekonpanse nou pou sa. Ou wè, nou pat gen. . .

³³ Si moun lan ale limenm epi l fè yon bagay, alò, ou wè, lè moun sa pati, yo panse: “Yon gwo desepsyon, Bondye kite nou.” Bondye pa kite nou. Li toujou avè nou. Ou wè, se noumenm ki ladann jis otan ke nenpòt, otan ke nenpòt kimoun. Bondye ka sèvi ak yon moun pou yon sèten ministè, men sa pa vle di ke moun sa gen yon opsyon sou Bondye. Se pwòp lafwa w nan Bondye.

³⁴ E yo t ap soti la nan vye ti pousèt a woulèt, ke yo t ap pran tankou pousèt bebe ak wou yo, epi—epi yo fè yon planch, epi yo lonje moun yo sou li epi yo woule antre avè yo. E apre sèvis la te fini, tout teren kous la t ap klè, yo t ap jis ale ak charyo yo epi ranmase vye ti charèt yo ak gwo vye chèz yo, ak baton yo ak branka yo ak kabann yo, e yo te jis kite yo jis kote yo te pati y ale a, paske Prezans Seyè a te la. Se sa nou vle wè. Lòm soti nan deko a lè sa a, Bondye ap aji.

³⁵ Pou n retounen, jis pou ede kounye a maten an, mwen pral pale nan kèk minit. E m te mande ti mesye yo pou yo pa mete kasèt la deyò. Pandan twa jou se nan redi m t ap eseye panse: “Sou kisa m pral pale?” Epi maten an, anvan m pati, m te santi

yon vrè avètisman serye nan kè m pou legliz la. E m te di yo: “Pran kasèt la, men pa mete yo deyò pou vann.”

³⁶ Men anvan nou fè sa, mwen ta renmen ban nou jis yon ti temwayaj, pou sa ka fè nou dibyen. Sa te fè m dibyen. Nou t al nan yon vwayaj lapèch pou twa jou, Leo ak Gene avè m, epi pitit gason m lan Billy Paul ak madanm li, te desann kay on zanmi ki konn vin isi a nan tabènak la, soti nan Georgia. Epi yo te mennen nou tounen nan kèk marekaj, m jis pa konn kote l te ye kounye a, toupre Okeechobee oswa yon bagay konsa, m pa konn ki non Endyen Seminole sa yo ba li. Men, tout jan, nou te a plizyè kilomèt deyè.

³⁷ Epi Frè Evans sa a, frè l la nan lepeche. E li se yon gwo pechè, e l te retounen nan marekaj yo sa fè kèk mwa. E yo gen sa yo rele “sèpan a sonèt.” E sèpan a sonèt la te mòde l, e se jis apèn si l te viv. Manm li te anfle, e yo te mennen l bay doktè yo epi yo te ba l piki. Bagay sa yo mòtèl. Epi yo gen anpil sèpan bouch koton deyè la tou, sèpan bouch koton, sèpan mokasen, kayiman ki mezire jiska ven pye nan longè.

³⁸ E pandan nou t ap peche deyè la, m te pran yon gwo pwason ba. O, se te yon veritab jou pou—pou rilaks. E li te sitèlman gwo m pat ka fè l soti nan dlo a, epi l te jis detire kwòk la epi l te kontinye, oswa li te rale pou l libere tèt li. E nou te gen anpil pwason ba, apeprè sansenkant liv gwo pwason ba. Epi yo, kèk ladan yo te peze plizyè liv, e soti kat rive sèt, uit liv. E m te pran gwo sa a, epi l te lage.

³⁹ Epi m te voye l ankò, epi mwen—mwen te pran yon lòt, nan sis, sèt liv yo. E m te gen yon baton pèch ki long ke w te dwe kenbe antè fèy nenifa yo. E Frè Evans te gen. . . Nou tout te mouye nan patoje nan dlo a, paske se te jis marekaj. E l te rale soulye l yo epi l te twouse pye pantalon l yo, epi l te chita sou yon ti kote sèch, on jan ap seche rad li yo. Epi l te wè gwo pwason sa a k ap brase nan ti touf bwa yo, epi m t ap patoje nan direksyon li. Li di: “Jis on minit, Frè Branham, m ap pran l pou ou.” Epi l te kouri la a. Epi m te rale l monte, m imajine pwason an te preske mouri, lonje nan nenifa yo. Epi l te kouri pou l al pran l. E, lè l te pran l, li te lage yon rèl, e men l te tounen. Yon sèpan a sonèt te mòde l.

⁴⁰ Epi nou te gade l, e te gen twou kwòk yo nan pye l kote sèpan a sonèt la te frape l, e l te sitèlman ap fè l mal jouk dlo te soti nan je l. Li te di, li te santi ke zo l te jis ap kokobe. E men nou te la, plizyè kilomèt nan fon marekaj la. Li se yon gwo moun pou n te pote. E lè yon sèpan mòde w, ou vin sitèlman malad nan kèk minit jouk ou jis preske mouri. E Leo te prezan kanpe la. E yon bagay te vin nan lespri m: “Ou toujou Bondye!” E lè l t ap kenbe pye l epi sere l fò, e de gwo twou kwòk sa yo la kote sèpan a sonèt la te atrap li, Mwen te mete men m nan kote sa a epi m di: “Seyè, sa ekri nan Pawòl Ou: ‘Yo va pile tèt sèpan ak eskòpyon

yo, e anyen menm p ap domaje yo.” E nan menm moman sa a, tout doule kite pye l. Li te mete soulye l yo epi l t al peche tout jounen an.

⁴¹ Li te antre jou swa sa a epi l te rakonte yo sa, yo di: “Pito w al kot on doktè.”

⁴² Li di: “Si Bondye pwoteje m jouk la, Li pral pran swen m pou rès wout la.” Nou t al lapèch pandan twa jou, pat gen okenn siy maladi ditou.

⁴³ Bondye toujou Bondye. Li kenbe tout pwomès. E nan tout ministè m lan, sa se premye fwa m te janm wè Bondye vin nan yon mòde sèpan, paske se te premye fwa m te janm gen okazyon pou m priye pou yon moun sèpan te mòde. Sa jis kite w konnen ke Li kenbe tout pwomès Li yo, e Pawòl Li yo bon e yo se verite. Amèn.

⁴⁴ Sonje sèvis yo aswè a ak mèkredi sa a k ap vini an. Epi priye pou yon moun kounye a ki reyèlman bezwen yo lapriyè pou li, sa se mwen. E, sonje, patisipe nan reyinyon Frè Roberts lè l vini lavil, epi ba li salitasyon tabènak la.

⁴⁵ Anvan nou li Lèzekriti, mwen—mwen ta renmen nou kanpe sou pye nou jis on minit. Epi, san mizik la, annou jis chante yon kantik oswa de nan ansyen kantik glorye sa de legliz la, *Lafwa M Ap Gade Sou Ou*. Trè byen, ke tout moun jwenn yo a mwenmenm kounye a, epi annou chante l. Epi pa panse a kòman w ap chante, jis chante l pou glwa Bondye. Èske w ap kondwi nou sou li, Frè Neville?

Lafwa m ap gade sou Ou,
Oumenm Ayo Kalvè a,
Sovè diven;
Kounye a tandè m antan m ap lapriyè,
Retire tout fot mwen,
O kite m apati de jou sa a
Pou M pou Oumenm nèt!

Antan m ap mache nan koridò fè nwa lavi a,
Epi chagren nan viwonn mwen ap anvayi,
Se Ou ki pou Gid mwen;
Swete fènwa tounen lajounen,
Efase lapenn, laperèz,
Pa janm kite m ale lwen
Bò kote W.

⁴⁶ Ak tèt nou bese, mwen ta renmen li nan ekriti sakre Bib la, Sen Matye, chapit 7, vèsè 13 ak 14. E ke Seyè a ajoute benediksyon richès Li yo antan n ap li Li.

Antre nan pòt jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki fasil la ap mennen nou tou dwat nan destriksyon. Gen anpil moun ki pase ladan li.

Men, pòt ki jis la, chemen ki difisil la ap mennen nou tou dwat nan lavi. Pa gen anpil moun ki jwenn li.

47 Annou lapriyè. O Bondye, Ki te remennen Seyè Jezi soti nan lanmò ak nan tonm lan, e te prezante Li ban nou jou maten sa a tankou yon Sakrifis vivan, nou konsakre lavi nou nan imilite ba Ou ankò, sou panse ke Ou t ap atansyone anvè nou. Alòske nou te pechè toujou, mouri nan peche ak nan fot, Ou te voye sèl Pitit Ou a, ki te pran fòm lachè plen peche, pou vin yon sakrifis pou peche nou yo, pou ke Inosan an, k ap souffri pou koupab la, ta ka rekonsilye nou ansanm ankò nan fratènite avèk Ou.

48 E, O Bondye, si gen peche nan mitan nou maten an, yon bagay ki ta ka anpeche Sentespri a pote ban nou Mesaj Bondye a nan kè chak nan nou, nou priye, nan imilite, Seyè, ke Ou padone nou fòt nou yo. Netwaye nou ak San Seyè Jezi a. Ki . . . Nou konnen, nan noumenm, nou pa anyen, e nou konfese ke nou pa anyen. Men Ou sen, Ou se verite, Ou se jistis, Ou se Fontèn mizèrikòd lan menm. E nou ranpe nan imilite la jodi a, kòm nanm ki repanti. Kòm yon temwayaj fèk bay, sot Jamayik ak Pòtoriko, e kote Ou te fè sitèlman gwo zèv, O Bondye, se siy vini Sila ki Jis la.

49 Kijan W te delivre Frè Evans nan kwòk anpwazonnen sèpan sa a, paske li te yon kwayan, e Pawòl Ou yo toujou vre. Kounye a, Seyè, delivre nou anba kwòk lanmò maten an, kote lènmi a te mòde nou e te anpwazonnen nou. Kite remèd gerizon W lan, maten an, Seyè, plen lespri nou yo nèt epi netwaye nou retire tout enjistis. Geri maladi kò fizik yo ki kraze anba pwisans lènmi an. Tout sa ki nan Prezans Divin lan, ke yo geri.

50 Pale avè nou kounye a nan Pawòl Ou ki ekri an, Seyè. M pa konnen sa k pou di, men W ap bay li. E Ou avèti nou, Seyè, e fè nou pare pou Vini W lan. Paske nou mande sa nan Non Jezi e poutèt Li. Amèn.

51 M toujou gen ti reta, paske m te ret tann kounye a. Epi, m imajine, lekòl di dimanch lage. Men gen yon bagay sou sa, lè m al lakay mwen jis santi tankou m gen anpil tan. Ou konnen, nou nan twòp mache prese, tout jan. Alò, n ap jis kwè Bondye.

52 Seyè nou an t ap bay avètisman grav sa a bay moun nan jenerasyon Li an, moun ki te trè relijye yo. Epi L di: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, ap mennen tou dwat nan Lavi, e p ap gen anpil moun k ap jwenn Li.” Bon, se pa paske yo pat relijye. Yo te trè relijye. E paske yo te gen konfyans nan legliz la epi nan sèten kredo ak denominasyon, e yo te kwè (jiska yon pwen) nan Bondye, yo te panse tout bagay te kòrèk. Men Li t ap di yo ke pa t ap gen anpil moun ki t ap antre.

53 E m ap mande m maten an si m pa ta ka konpare jenerasyon sa a ak jenerasyon sila a. Ou wè, se te nan fen dispansasyon Jwif la, e Li t ap retounen pale de diferan sa yo ak diferan finisman diferan dispansasyon, epi Li t ap di yo ke bagay la menm ki te fèt nan premye dispansasyon yo t ap fèt devan yo. E yo pat reyisi rekonèt li. E annou gade kèk nan bagay ke L t ap pale de yo.

54 Yomenm, pa egzanp, pat ka kwè ke Bondye te nan Nonm sa a. Sa se te pi gwo obstak ke yo te dwe franchi, se kijan Limenm antan ke yon Nonm poutan Li te fè Tèt Li Bondye. Yo pat ka wè kòman Bondye te ka abite nan lachè imèn. E nan tout laj yo, nan tout epòk yo, Bondye te toujou abite nan lòm. Lòm se ajan Bondye. Nan tout jenerasyon, Bondye pale ak pèp Li nan bouch imen. Li toujou chwazi yon moun oswa yon bagay ke L ka sèvi avè l.

55 E Li te pale de yo, tankou yo sitèlman ka fè moun bite, konsènan Abraham. Li te di, te di yo: “Si nou rele tèt nou ‘pitit Abraham,’ Abraham ‘papa’ nou, li te wè jou pa M lan epi l te nan kè kontan pou wè li. Abraham, pwofèt la.” E pa gen dout ke Jezi t ap di yo ke Li te pwouve yo ke L te Mesi a, paske siy Mesi a t ap swiv Li. E se fason sa a sa te ye nan tout jenerasyon, ke, siy Mesi a. Men poutan Li ki t ap fè Tèt Li Bondye, Mesi a Limenm, sa a te fè yo bite. Yo pat ka konprann sa.

56 Bon, lè Abraham (ke yo te rele papa yo) te rankontre Bondye, Li te nan lachè tou, paske Li manje vyann yon vo, manje pen mayi (epi bwè lèt) ak bè, nan prezans Abraham, e poutan Li te Bondye. Abraham te rekonèt Li, Bondye, e li te rele L “Elohim,” ki se Jehovah Tout Pwisan. Yon Nonm ki mete rad, ak pousyè nan Kò L, e ki chita anba yon pyebwa, pou lonbray, epi manje vyann epi bwè lèt. Epi Jwif sa yo ki te frèt, gen kè kriyèl, egoyis, dwat, pat ka kwè ke Li te Pitit Bondye a, e yo te rele Abraham papa yo. E Li t ap kite yo konnen ke Li t ap fè menm bagay yo, nan chè Li, ke Bondye te fè nan yon lòt chè lè Li te rankontre papa yo, Abraham. E Abraham te kwè l. E yo pat ka kwè l.

57 Ou wè, lè Abraham te chita anba tant li a paske li te fè yon chwa, e chwa sa a prezante devan tout moun ki fèt nan mond sa a. Pyebwa sa ki bon ak sa ki mal la depoze devan chak moun. E lè Lòt, neve l la, ak gadò mouton yo kòmanse nan diskisyon sou zafè tè yo; Abraham, ki te yon nonm jis, te di yo: “Jis pa kite gen okenn diskisyon nan mitan nou. Nou annik chwazi wout pou n ale a.” Kote sa a vini nan lavi chak kwayan. E li devan w maten an, e li devan m.

58 Lòt pat konnen ke l ta pral retwograde, men li t al pou gade nan direksyon Sodòm kote bagay yo te fasil. E gen anpil fwa ke nou gade nan direksyon chimen ki fasil la. “M pral mache nan tèl tèl legliz sa, epi, ou wè, pèsòn p ap di anyen kont sa, paske se pi gwo legliz nan vil la.” Chimen ki fasil la! Anpil fwa nou fè sa, lè, nou nan lerè!

59 Sonje, si w swiv Kris, moun yo pral rayi w, paske tout sa ki viv pye nan Kris Jezi va sibi pèsekisyon. E si w vin jwenn Kris, ou p ap vini pa okenn legliz oswa okenn denominasyon, oswa okenn kredo. W ap vini pa San an, sa se sèl wout pou antre. E ou pa ka mennen pèsòn avè w, w ap vini poukò w epi w ap kanpe sou pwòp konfesyon pa w ak pwòp lafwa w. Ou p ap pran woulib

sou do pastè a, oswa sou lafwa manman w. W ap vini tankou yon endividi lè w vin jwenn Bondye! E anpil fwa nou fè chwa estupid sa yo.

⁶⁰ E si Lòt, lè l te wè tout bagay fasil . . . ? Li te wè kote k te gen anpil lajan ak anpil popilarite, paske li t ap yon etranje, e yon nonm entèlijan, ak edikasyon, anpil sikoloji, epi l te ka fè sèten bagay e poutan li t ap kenbe relijyon l lan. Li te panse: “Mwen gen lafwa nan Bondye, alò mwen pral annik desann nan Sodòm epi mwen—mwen pral fè yon lajan an plis, epi m ap vin yon grannèg, petèt yon predikatè mèveye.” Ou wè, ou gen yon chwa pou fè.

⁶¹ E layik la gen yon chwa pou fè. “M pral nan sèten legliz sa la a. O, tout moun nan vil la panse sa se pi bon an! Franchman, majistra vil la mache nan legliz sa a.” Bon, li te ka mache nan yon legliz ki te reyèlman bon, men ou dwe toujou jije legliz sa a ak moun li yo pa Lèzekriti. Pafwa y ale paske se yon fason popilè, moun yo—yo abiye pi byen sila yo ki al nan sèten kote. E men kote nou fè yon—yon erè fatal. Kounye a remake sa.

⁶² E Abraham, sèl bagay li te ka fè se te pran dezyèm chwa a. E pafwa dezyèm chwa a pi bon pase premye an, si l te pran konsa. Remake, sa pa pran lontan, lè Lòt te wè gwo vil la, li pa t wè madanm li ki transfòme an kolòn sèl, malgre sa, li pa t wè dife a ki t ap boule vil la. Men Abraham te pran chimen an ak tikras Seyè yo ki meprize. Li te rete nan dezè yo.

⁶³ E, poutan, e si Sarah ta di . . . Kounye a sonje, Sarah se te fanm ki te pi bèl nan tout peyi a. Pat gen okenn fanm ki te bèl tankou Sarah. Tout moun, ki te wè l, te tonbe damou pou li. Kounye a, ala sa ta fasil pou Sarah fè kalite chwa sa a. Men li te chwazi pou l rete ak Abraham.

⁶⁴ O, fanm, pa kite dyab la rann nou avèg, nan vin popilè epi rantre nan *sesi sela*. Rete ak Kris! Paske, lè a toupre, gran destriksyon yo ap pare, pi mal pase Sodòm ak Gomò, pou peyi sa a. Sodòm ak Gomò ap fè l onè.

⁶⁵ Bon, pandan Abraham t ap pran chimen Bondye te ba li a, epi l te gen tè ki te pi mizerab la, li pat pwospere ditou. Men poutan li te konn yon bagay, li te sèvi Bondye e l te kwè Bondye.

⁶⁶ Alò yon jou te gen twa mesye ki te vini, e yo te plen ak pousyè epi tou bouke e Abraham te gen pitye pou yo, li di: “Vin kote m epi chita anba pye bwadchenn lan jis pou yon ti moman.” E pandan l te kanpe la ap pale avè yo, li te rekonèt ke yo pat jis dèzòm òdinè, fason yo pale a. Yo te diferan. E Abraham t ale epi l te touye yon vo epi l te pare li, epi li te fè Sarah kuit pen epi pare pou ba yo manje.

⁶⁷ Kounye a sonje, de ladan yo se te Zanj, Zanj nan lachè imèn, e youn ladan yo se te Bondye Limenm. E Sila ki te Bondye a te vire do L bay tant lan.

68 E Sarah te rete anndan tant lan. M renmen wè yon fanm ki ret nan plas li konsa, pou l pa soti epi di mari l sa pou l fè, epi chak fwa yon moun ap vini. Men li te rete nan tant lan. Pa gen dout, petèt li t ap lave veso oswa fè yon bagay.

69 E Sila Ki te Bondye a, Li te ret ap vire gade nan direksyon Sodòm, epi L te di yo kisa L ta pral fè. E de Zanj yo te desann la pou yo preche Levanjil la. Men Youn te rete dèyè, se te Sila ki te Bondye a, e Li te di: “M pa pral kache Abraham sekrè ke M konnen yo, paske li pral vin eritye mond lan.”

70 O, nou gen yon dwa maten an, legliz, pou nou konnen sekrè Vini Seyè a. Paske: “Benediksyon pou patizan lapè yo, yo va rele yo pitit Bondye. Benediksyon pou sila ki grangou e ki swaf yo, yo va rasazyè. Benediksyon pou sila ki pi nan kè yo, paske yo va wè Bondye. Benediksyon pou sila ki dou yo, paske yo va erite latè.” Alò, si legliz Bondye vivan an dwe erite latè, pa gen okenn sekrè ki pou ret kache pou li.

71 Jezi te di: “Tout sa Papa a te di Mwen, Mwen te di nou li.” E yo pa t ka kwè L.

72 Kifè nan epòk Abraham, antan Li t ap pale sa avè yo, Li te di ke menm jan Abraham t ap pale ak Zanj lan, e Li te vire do L bay tant lan, e Li te di Abraham Li ta pral vizite l ak yon timoun. E Sarah, nan tant lan, te tonbe ri. Epi L di: “Poukisa Sarah te ri?” Kisa L t ap montre? “Poukisa Sarah te ri?” Se te jis kèk èdtan anvan destriksyon an, lè sa te rive a. Jis anvan destriksyon an, dife sa a te vini sot nan syèl epi l te boule vil la, epi siy sa a te fèt.

73 E Jezi te di gran doktè divinite yo: “Nou nan lerè,” a yon nasyon ki relijye kote pratikman milyon moun te kwayan. Li te di: “Nou nan lerè, poutèt nou pa konn ni Lèzekriti ni Pwisans Bondye a.” A yon jenerasyon konsa, ki te dèzòm byen fòme, ki te save epi leve legliz. Lè yon timoun te fèt, se te pwopriyete legliz la. Fò w te yon Izrayelit. Uit jou apre lè w fèt la, se te sikonsizyon, epi w te yon Izrayelit pou kòmanse. Epi sasèdos la te soti nan Levit yo, ki te fòme pandan dè santèn lane nan Lèzekriti. Poutan Jezi te di: “Nou nan lerè, poutèt nou pa konnen Lèzekriti!” Yo te konnen yo nan pwòp liv ansèyman yo a, yo te konnen l pa katechis yo, yo te konnen l pa pwòp teyoloji yo. Men Jezi te di: “Nou pa konnen L, Lèzekriti, ni nou pa konnen Pwisans Bondye a. Si nou te konnen Abraham, nou t ap konnen Mwen. Si nou te pitit Abraham, nou t ap konnen Mwen, paske Abraham te nan lajwa lè l te wè jou M lan, paske li te wè jou a davans. Lè M te kanpe devan l nan lè sa a la, nan yon kò an chè, e m te fè sa a, li te konnen se te Mwen, e li te rele M ‘Elohim.’ Men M ap fè menm bagay la isit la devan nou, epi nou rele M ‘Bèlzeboul.’”

“O,” yo te di, “nou gen Abraham kòm papa nou.”

“Nou rele Abraham ‘papa’ nou?”

74 Li te di: “Men, noumenm, nou mache nan legliz la. Nou se yon nasyon relijye. Nou se yon gran pèp. Nou se pèp Bondye!”

Jezi te di: “Nou se dyab la, li se papa nou.”

⁷⁵ Èske m ta konpare jenerasyon sa ak sila a, jodi a, lè gen pratikman milyon moun ki deklare Kreyète, epi yo pa konn pi plis sou Bondye pase yon Hottentot ta konnen sou yon nwit Ejiptyen. Gen gason ak fanm jodi a, pratikman milyon Kreyen deklare k ap reklame Kris, yo pa konn premye prensip Pwisans rezirèksyon Li an, e yo pa janm goute bonte Li. Yo pa janm santi Pwisans Li. Je yo avèg pou Laverite.

⁷⁶ Li di: “Nou avèg, lidè avèg yo. Èske...sa...si avèg la kondwi avèg la, èske yo tout p ap tonbe nan twou an?”

⁷⁷ Apre sa yo te panse: “Nou se Kreyen. Nou se kwayan. Nou mache nan legliz ki pi wo ki egziste. Raben nou yo se save ki pi byen fòme ki genyen.” E poutan Jezi te di yo yo pat menm konnen Lèzekriti.

⁷⁸ Ou wè kòman Bondye te kache l nan je saj ak pridan an, epi Li revele li bay tibebe yo tankou sila yo ki va aprann? O, gran Pwisans ak enfinitè Bondye! Ala Li bon pou sila yo ki vle mache dwat devan Li! Li p ap refize okenn bon bagay.

⁷⁹ E pou wè jou ke lè nasyon nou an, mond nou an, kowonpi ak menm bagay la!

⁸⁰ Jezi te vle drese yo kòrèkteman. Yo te di: “O, Abraham se papa nou. E nou pral nan Lagwa, Ou pa bezwen enkyè pou sa, paske nou kwè nan Bondye. Nou se pwofesè, e nou kwè nan Bondye, e nou anseye pèp nou an. E kimoun Ou ye pou vin nan lantouraj la isi a ak yon—yon vye ti siy mistè epi pou eseye rele l Bondye? Ou pa anyen ke yon Bèlzeboul.” Men li, yo te gen kredo pa yo ak denominasyon pa yo.

Jezi te di yo: “Nou se dyab la.” Panse a sa!

⁸¹ Epi mwen ta konpare jenerasyon sa a ak sila a, jodi a lè nou gen milyon k ap rantre nan legliz, nou gen dè dizèn de milye. E Bondye desann pou viv nan legliz Li ankò, epi pou fè menm bagay yo ke L te fè la a, pou L fè Tèt Li menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Epi moun yo vire do yo ba li, san rete, kèk pou yo vin popilè, kèk pou yo pa bezwen fè yon chwa. Sa enpoze ak fòs bay moun yo! Ou dwe fè yon chwa. Ou pa ka rete san w pa di anyen. Ou dwe di “wi” oswa “non.” Ou p ap janm kite pòt sa a menm moun ke lè w antre a. Ou pa ka fè l. Ou gen yon chwa pou fè. Fè l pou Kris maten an.

⁸² Yo te panse tout bagay ki te pou legliz la t ap sove. Jezi te di: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

⁸³ Kite m avèti nou maten an, legliz, fè atansyon. Sa pran tan jodi a, nan jenerasyon ipokrizi pa nou an ki dwat pou tèt pa l e ki sifi tèt li ke n ap viv ladann lan. Yon lè kote ke lè gason ak fanm kanpe nan legliz yo ak sou ban yo, ap chante kantik Bondye yo, epi soti nan legliz sa a epi fimen sigarèt, epi bwè wiski, epi al

danse, epi—epi viv pou mond lan, epi bay blag sal, blag betiz, epi rele tèt yo “Kreyen.” Lè gason ak fanm ka mache sot sou chè a oswa sot legliz la, epi sot nan kote Pwisans rezirèksyon an, kote menm siy Mesi sa a ap bouje nan mitan yo, epi yo pa vin yon nouvo kreyati nan Kris, gen yon bagay ki pa bon. Kote jounal yo ka detwi li; epi soti yon bò lanmè al nan yon lòt, ale vini, soti nan zòn jele nan Nò a pou al nan jeng twopikal nan Sid la, Bondye voye l, e moun yo vire do ba li san rete. Alò kisa n ka di, kisa n ka fè? Nou tounen vè Lèzekriti kote L te di: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

84 Li di: “Jan l te ye nan epòk Noye, se konsa l va ye nan Vini Fis de lòm lan.” Tande, nan epòk Noye a, mond lan te peple apeprè tankou l ye jodi a. Lasyans yo te pi avanse ke pa nou an. Yo te bati esfenks yo ak piramid yo e yo te fè dè bagay ke nou pa ka fè jodi a. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Yon pèp ki gran, save, depase. E sonje, lasyans di jodi a: “Li yon minit anvan minwi.” Li yon minit anvan revèy la frape lè lanmò an. Li pi ta ke nou panse. Mwen swete ke—konfyan ke Sentespri a pral fè sa antre fon nan kè chak kwayan, “tankou nan jou Noye yo”!

85 Konbyen moun ki te sove nan epòk Noye a, ki soti nan jenerasyon sa a? Uit, uit nan plizyè milyon. Li te di: “Se konsa l va ye nan Vini Fis de lòm lan.”

86 “E jan l te ye nan jou Sodòm yo, se konsa l va ye nan Vini Fis de lòm lan.” Sou dè dizèn de milye, te gen twa ki te sove.

87 Ou ta di m lè sa a: “Predikatè, sa k pase ak tout milye ki pral vin avè L yo?” Kounye a, frè, sa te fèt atravè plizyè jenerasyon.

88 M ap sezi si yon douzèn soti nan jenerasyon sa a. “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

89 O, mwen konn legliz yo, kisa yo di: “Si w mete non w nan liv la epi w vin yon manm, sa, ou kòrèk.” Pa gen okenn Ekriti konsa. Si tout bagay gen non yo nan liv la, epi nan—nan legliz la, pral gen dè milya fwa milya fwa milya, tout bagay ap antre. Alò tout kalite lespri pral anndan la, e nan ki kalite kondisyon Syèl la pral ye? Panse a sa kounye a.

90 Tankou yon moun ta di m: “Tann yon minit kounye a, Frè Branham. *Entèl entèl*, m te tandè yo k ap pale an lang, mwen konnen y ap reyisi.”

91 Sa pa vle di y ap reyisi l ditou. Paul te di, nan En Korent 13: “Menm si m pale lang moun ak zanj pale, e m pa gen renmen, mwen pa anyen.”

92 “O, m t al nan reyinyon *Entèl entèl*. O, li te fè gran zèv, pwisan. M te wè l fè avèg la wè.”

93 Li te ka toujou pèdi. “Anpil ap vin jwenn Mwen nan jou sa a pou di: ‘Seyè, èske m pat preche nan Non W, pwofetize? Èske, nan Non W, mwen pat chase lespri malen yo? Èske, nan Non W, mwen pat fè plizyè gran zèv?’ Li pral di: ‘Wete kò nou sou Mwen,

noumenm ouvriye inikite, Mwen pat menm konnen nou.” “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

⁹⁴ Kite m ban nou kèk estimasyon ki pral sekwe nou. Selon lasyans medikal, nan vil Chicago an, selon estatistik doktè, ke gen trant mil ka avòtman nan Chicago sèlman, nan trant jou, ke doktè yo genyen. Konbyen nan ti grenn sa yo ak bagay yo pran yo, nan ka avòtman yo?

⁹⁵ Estatistik montre, nan Etazini, ke gen plis timoun ki pa lejitim ki fèt pase gen timoun ki fèt nan lyen sakre maryaj. Èske n te konnen Bib la te di, nan Detewonòm 14:2, ke “yon timoun ki pa lejitim, sa t ap pran kat san zan pou sa fini”? Piti piti piti piti piti yo pa ka kanpe nan kongregasyon Seyè a, kat san zan, dis jenerasyon. Karant an nan yon jenerasyon. Gran-gran-gran-gran-gran-gran-papa yo te yon timoun ki pa lejitim, li elimine! Kisa kounye a? Montre m ki kote sa te chanje.

⁹⁶ Nan kisa nou vini? E kounye a sa k pa lejitim yo, poutèt adiltè, ak fanm ki nan peche yo ki abiye nan lari a tankou gason, ki se yon abominasyon nan je Bondye, ap fimen sigarèt, ap bwè kòktèl, swadizan deklare yo se Kreyen. Bondye pa pèmèt bann pwostitye konsa yo! Se vre. Apresa yo rele tèt yo Kreyen? Sa pa etone Jezi te di: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

⁹⁷ Yo p ap imilye tèt yo. Yo fòmèl. Gade, lè yo te di David peche ke l te fè a, li te repanti rapid, e Bondye te renmen l pou sa. Ou pale yo de peche yo, yo pral di: “Mwen p ap janm tounen la ankò.” Pouki? Yo chaje kote pou y ale, yo ka al nan repè ilejitim sa yo ki pral sitire moun konsa. Men li lè pou predikatè yo mete tout zam Bondye a epi preche Pawòl la san fè konpwomi, Levanjil. Lèzòm ta dwe imilye tèt yo.

⁹⁸ Pa gen okenn senserite nan mitan Kreyen yo ankò. Yo vle di: “Mwen se yon Metodis, mwen se yon Batis, mwen se yon Pannkotis,” sa pa vle di sa pou Bondye. [Frè Branham clake dwèt li—Editè a.]

⁹⁹ “Mwen te pale an lang, mwen te fè mirak.” Nou mete tout aksan an sou sa, lè se youn nan bagay ki rann pi avèg ke yo ta ka fè. Sèten. Lapli a tonbe sou jis la menm jan ak enjis la. Lapli a wouze rekòt la menm jan li wouze move zèb yo, Roy. Menm lapli a, menm Sentespri a tonbe sou moun yo. Sa toujou pa vle di. . . Nati yo dwe diferan, soti andedan rive deyò. Pa yon manifestasyon sou deyò oswa demonstrasyon, men Lespri Bondye vivan an ki anndan an ki fè moun sa a yon nouvo kreyati, ki imilye kè li oswa kè li devan Bondye.

¹⁰⁰ Ou di: “Predikatè, ou vle di m ou doute ke gen yon douzèn nan milyon sa yo ak kat milya moun nan mond lan?” Mwen doute si pral gen yon douzèn ki pral fè Anlèyman an. Panse a sa! M ap di nou sa Jezi te di isi a nan Levanjil la. Panse a sa!

101 Kisa sa vle di? Paské imoralite a te rantre nan mitan pèp la, timoun ilejitim te kòmanse ap fèt, sa efase yo. Ou wè, nou te ka kanpe isit la pandan plizyè èdtan, ap plase bagay sa yo, e ou ka wè ke n ap viv nan yon jenerasyon moun ki kowonpi, kondanab, pouri jouk nan nannan an. Pa bezwen sezi yo pa ka wè okenn siy, pa bezwen sezi yo pa ka tande Levanjil la, Yo vin di, poutan yo jis osi relijye e pye.

102 Èski Jezi pat di ke: “Lespri a pale ekspresmenm, nan dènye jou yo yo t ap tèt di, grandizè, renmen plezi plis pase Bondye, trèt, san kontwòl, brital, epi meprize sila yo ki bon moun, yo gen yon fòm lapyete?” Ou wè? O, ou ka rele, sèten. Ou ka pale an lang, sèten. Lafwa va chase demon yo, sèten. Men se pa de sa n ap pale.

103 Alò ou ta di m: “Frè Branham, kisa ki mak yon Kretyen? Kimoun ki pral sove? Èske w ap sove, Frè Branham?” Mwen fè Bondye konfyans pou sa. M pa konnen. M ap kwè ke m sove. M ap konpare lavi m, chak jou, ak Pawòl la. Si l pa rive nan nivo Pawòl sa a, alò gen yon bagay ki pa bon, mwen dwe retounen epi mete m an règ.

104 “Ebyen,” di: “Frè Branham, lè moun yo pale an lang, èske sa pa vle di yo sove?” Non, mesye! Non, tout bon! Mwen tande sòsyè ak majisyen pale an lang, tout kalite bagay san sans. Mwen wè moun ap pale an lang epi viv ak madanm lòt moun. Mwen wè moun ap pale an lang, epi sote ponpe epi rele tankou kay la te pran dife, epi yo soti epi yo fè zafè malonèt, epi volè, epi bay manti, epi tout bagay. Kijan w ka atann ou a sa? Non, mesye.

105 Mache nan legliz, dyak nan legliz la, pye jan yo ta kapab. Pouki, ou panse yo ta achte gazolin jou dimanch? Non. Men nan lendi yo fè bagay ki sal epi pouri epi desann ba. Bondye rete nan kè, pa sou deyò, se yon bagay ki vini sot nan kè a.

106 “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.” Menm jan l te ye nan epòk Noye, uit sou milyon sa yo; menm jan l te ye nan epòk Sodòm, twa sou milyon sa yo; se konsa l va ye nan vini Fis de lòm lan.

107 E ou wè nan ki kowipsyon nou ye. Ou wè kijan tout imajinasyon, lòm, li soti la epi dyab la fè dè predikatè ki entèlijan kanpe sou chè a epi kite moun pase ak sa.

108 Lòt jou a yon moun te di: “M pa t ap mete w sou chè mwen, ou t ap fè fanm mwen yo vin fou.” Non, yo deja konsa. Sa t ap fè yo tounen nan bon sans yo, di yo la pou yo sispann mete rad sa yo ak bagay sa yo. Epi, ebyen, yon moun dwe fè sa.

109 Mwen te di madanm mwen: “Èske m vin fou, pou tèt pa m? Èkse m pèdi lakat? Osinon, sa k ap pase avè m?” Yon Bagay andedan pa ka ret trankil. Fòk mwen di L, ki mele m sa nenpòt moun di.

110 Di: “Ou pral kraze ministè w la.” Ebyen, nenpòt ministè ke Levanjil la pral kraze, dwe kraze.

Bondye ban nou odas pou nou kanpe pou sa ki Verite epi di Laverite sou sa! Se yon peche, yon disgras!

111 “Pòt ki jis la,” Jezi di, “e chemen ki difisil la.” E noumenm ki panse milyon, ak nou tout Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis k ap antre, y ap twonpe nou nan jou an. Jezi te di: “Anpil ap vin chita nan Wayòm lan, pou di: ‘M gen dwa pou m isi a.’” Li di: “Men pitit Wayòm lan va chase yo deyò. Pral gen kriye ak plenn ak dan sere.” Kreyen, li ta pi bon pou gen yon envantè ki fèt maten an. Pral gen dis fwa milyon fwa milya Kreyen deklare, epi ki fidèl nan lavi yo, ki pral rate pòtay la. Jezi te di sa.

“Konbyen moun ki pral antre?”

112 M pa konn konbyen moun ki prale. Sèl bagay se: “Bondye, kite mwen se youn ladan yo!” Se sa. Li se Jij la. “Kite mwen se youn.”

113 Ou di: “Frè Branham, kijan w ka di alò lè yon Kreyen?”

114 M pa konnen. Men kite m di nou kisa Lekriti di. Se sèten n ap kwè Sa. Lè yo te voye Sentespri a sou latè, Bondye te pale nan Sentespri a. Li te voye yon zanj devan—devan, an premye. E L te di: “Ale nan vil la ak nan mitan pèp la, epi mete yon mak sou fwon yo, sila yo k ap soupire epi k ap kriye pou abominasyon yo, ap korije bagay sa yo.”

115 Kisa abominasyon ye? Yon fanm ki pral mete yon rad ki pou yon gason. Li fè Bondye malad. Èske w te janm pwoche yon bagay ki abominab? Kijan sa fè w malad! Ou pa ka sipòte l. Yon fanm ki pral mete yon rad ki pou yon gason, se fason sa li fè Bondye santi L; ou ta mèt chante nan koral la, ou ta mèt priye chak jou, epi rele chak jou, oswa viv pou Bondye chak jou, ou kondane nan Prezans Bondye. Se egzaktman sa Lekriti a di. “Yon abominasyon!” E sila yo k ap defann bagay konsa pral gen yon pati ak bagay konsa.

116 Bondye ban nou lagras pou nou kanpe kont bagay konsa. Si w gen pou kanpe poukont ou, kanpe la epi kenbe Pawòl Bondye a nan men w. Li p ap janm fayi.

117 Kounye a nou rive nan yon jou, kote, abominasyon moun yo. E Zanj lan deplase al sele ankò. Jwenn yon sèl moun pou mwen nan Jeffersonville, si w vle konnen kimoun ki pral reyisi ale, jwenn yon sèl moun pou mwen nan vil nou an k ap soupire epi kriye, san rete li deranje epi li bouke, e l ap lapriyè poutèt abominasyon yo k ap fèt nan vil la. Èske w ka leve men w epi mete l sou yon sèl moun? Alò pran Ekriti sa a: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, ki mennen nan Lavi, p ap gen anpil moun k ap jwenn li.” Sa se sèl sila yo ki t ap sele.

118 O, mwen ka montre nou anpil ki pral legliz. Mwen ka montre nou anpil k ap chante nan koral la. M ka montre nou anpil k ap anseye lekòl di dimanch. M ka montre nou anpil ki se tèt la nan—nan gwo sosyete yo. M ka montre nou anpil k ap rele, anpil k ap pale an lang, anpil k ap travay nan zèv Levanjil la.

119 Men montre m sèl moun ki sitèlman toumante nan fon kè yo sou peche mond lan! Montre m yon predikatè ki ka kanpe jodi a epi kondane denominasyon sa yo. Montre m yon predikatè ki va kanpe epi di bagay yo, epi kondane denominasyon sa yo. Pito l pa fè l, yo t ap choute l deyò, sa se tikè manje li.

120 Pa bezwen sezi Billy Graham te di Jack Moore, te di, pa wè kijan reyinyon m yo fè kanpe, li di: “Li pa Batis, ni li pa Metodis oswa Pannkotis.” Li di: “E yo tout kont li.” Sèten, m p ap di ke . . . Rezon an mwen di, m pa ka di sa deyò an piblik. Mwen di l bay pwòp legliz mwen. M ap goumen, paske lè eprèv la sou mwen.

121 Yo di: “Si w va vini, sa va kòrèk, men piga w di anyen sou Sa.” Li ta petèt jis pi bon pou w kenbe souf ou.

122 M ap preche sa Bondye te di preche! Se vre. Youn nan uit sa yo pral la yon kote. Youn ladan yo pral la yon kote. Men nan jou sa mwen pa vle koupab pou di mwen fè konpwomi poutèt kèk kredo oswa kèk doktrin legliz, oswa kèk denominasyon. Mwen preche Laverite!

123 Yo di: “Frè Branham, poukisa w pa, poukisa ministè w la pa, ki sanble li sitèlman gran, poukisa l pa simaye menm jan ak mesye sa yo ap fè?”

124 Se sa l ye la menm. Se sa. M al nan vil la, èske nou panse Asanble de Dye yo t ap koòpere avè m? Pa a sa mwen kwè a, yo p ap fè l. M ta ka gen yon sèl tanzantan. Ou panse Metodis la t ap vle? Eseye, epi chache konnen. Vin manadjè mwen pandan yon semèn. Si w rantre, w ap antre nan Non Jezi. Se vre.

125 O, natirèlman, yo mennen w la, sèten, yo mennen w la yon kote nan yon plas, e konsa ou p ap antre pou konekte avè yo nenpòt fason kon sa. E apre sa lè w pati, di: “O, bon, Frè Branham on jan deranje nan tèt jis on ti kal, ou konnen. Li . . .”

126 Si m deranje nan tèt, alò Bib la deranje nan Ansèyman an. Se sa Bib la te di! Wi, mesye. Gade!

127 Jezi te di: “Poukisa nou rele M ‘Bèlzeboul’? Nou te kwè Salomon, siy disènneman li a. Nou te kwè jou li a. Renn Sid la soti nan dènye rakwen sou latè, pou l wè don sa, e li te kwè l lè l te wè li. Epi w chita ap gade l chak jou, e w pa kwè l.”

128 E Pwòp frè L yo pa t kwè Li. Yo te di: “Monte nan fèt la,” Li di: “men Mwen p ap monte kounye a.” Li t ale yon lòt fason, paske Pwòp frè L yo pat kwè Li. Se vre. “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

129 Lè sa rive sou disip yo, nan moman verite a, ki kote yo te ye? Yon fanm ak yon nonm te kanpe bò kwa a avè Li, Jan ak Mari. Rè s yo t ale.

130 Sa se moman verite a. Sa se tan an. Sa se lè Bondye ap fè plizyè bagay. Sa se lè Mesi a sou latè. Sa se lè Pwisans Bondye a ap bouje nan pèp Li a. Epi yo rele yo “egzalte, moun fou, tèt pa bon,” o, bagay konsa. Men lè a rive!

131 Se sèten pral gen kèk gwo desepsyon nan jijman an.

132 O, trafikankòl la, li konnen kote l pral ye nan jijman an. Se konsa fanatik byè a konnen kote l pral ye. Se konsa pwostitye a konnen kote l pral kanpe. Se konsa jwè aza a konnen kote l pral kanpe. Se konsa tafyatè a konnen kote l pral kanpe. Li p ap pran desepsyon.

133 Men kote sa k pran desepsyon an pral ye, se sila yo ki te panse yo te gen rezon. Men kote desepsyon an ye. “Lè yo te rive la a, yo di: ‘Sèten, nou chase demon yo nan Non Ou. Nou se predikatè. Nou mache nan tèl tèl legliz. Nou te fè gran mirak. O, nou te preche! Franchman, mwen te yon—mwen te yon entandan nan legliz la. Mwen te evèk. Mwen te *sesi*.’ Wete kò nou sou Mwen, noumenm ouvriye inikite, Mwen pat janm menm konnen nou.” Men li. Sa se desepsyon an. Li di: “Pitit pitit yo pral antre epi chita nan Wayòm lan, li di: ‘Nou gen dwa pou nou isi a,’ e y ap chase yo nan fè nwa deyò a, kote pral gen kriye ak rèl ak manje dan.” “Pòt ki jis la, chemen ki difisil la, ki mennen nan Lavi, p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

134 A noumenm, moun cheri m yo, maten an, koute sa a. M pat janm fabrike sa a. Mwen responsab pou m di Li. Se tout sa m responsab. Si m pa janm preche yon lòt sèmon nan vi m, sa se Laverite: ap jis gen yon tikras moun k ap sove. Jis sonje sa: jis yon tikras toupiti. Bat pou youn ladan yo.

135 “Kimoun yo ye, Frè Branham?” Mwen pa konnen. Pyès lòt moun pa konnen. Nou travay sou pwòp sali pa nou ak laperèz ak tranbleman.

136 Men ke w aliye w ak Bondye. Si kè w pa bat jis ak Bib sa a, alò gen yon bagay ki pa bon, gen yon bagay ki pa bon. Sa pa gen enpòtans sa legliz ou a di, ou pa ka antre pa sa a. Ou dwe antre pa sa Bondye te di a. Se apati de Liv sa a ke w pral jije, Bib la. Ret avè L!

137 “O,” ou di: “ebyen, mwen te batize nan Non Seyè Jezi.” Sa se kòrèk, sa se Bib la. Men si lavi sa a pa swiv li, li pat fè w anpil byen pou w batize.

138 Ou di: “Ebyen, mwen resevwa Sentespri a.” Se byen sa, se sa w ta dwe fè. Men si lavi a pa anndan la!

139 Sonje, move zèb la resevwa menm pwisans ki tonbe sou ble a pou fè l grandi, li fè move zèb la rele, tou. Vye ti move zèb la kanpe dwat e li jis kontan otan ble a kontan. Se vre, li viv pa menm vi

a. E yon pechè ka rete nan Prezans Bondye, rele laviktwa, epi viv tankou yon Kreyen. Men si pa gen yon bagay diferan nan kè a! Li te ka gen menm Pwisans la pou chase move lespri yo. Jezi te di sa. Li ka preche Levanjil la byen jis otan nenpòt lòt predikatè ka fè l. Se egzakteman de sa ke Jezi te pale. Bib la anseye li. Wi, mesye. “Menm si mwen pale nan lang lèzòm ak zanp yo, menm si mwen bay kò m pou yo boule l kòm yon sakrifis, mwen bay tout byen m yo pou nouri pòv la, mwen—mwen gen lafwa pou deplase mòn yo, mwen fè tout bagay sa yo, mwen preche nan Non Li, mwen chase demon nan Non Li,” li di: “Mwen pa anyen.” Alò, li te ka fè l, e “anyen.” Nou konprann lide a?

¹⁴⁰ Kounye a, bagay ki pou fèt la se, nan kè nou, pou nou yon Kreyen, kounye a rantrè nan pòt ki jis la. Paske, chimen ki fasil la mennen nan destriksyon, e milyon fwa milyon nan jenerasyon kwayan sa a pral antre ladann. Paske, pòt ki jis la, e chimen ki difisil la, jis oumenm ak Kris poukò nou.

¹⁴¹ “Chimen ki difisil la mennen nan Lavi, e jis p ap gen anpil moun k ap jwenn li.” Kounye a, sa se Pawòl Seyè nou an. O la la! Kisa L t ap fè? Kanpe la, ap disènen panse yo.

¹⁴² Epi l te di: “Li se Bèlzeboul. Ebyen, kijan L ka Bondye? Li se yon Nonm! Ki kote sajès sa a te soti?” se sa yo te di nan Pwòp vil Li a.

¹⁴³ Lè w mache nan vil la isi a, li sanble tankou . . . M pa di sa pou m manke noumenm moun yo okenn respè; nou se Kreyen, nou renmen mwen. Nou mache nan vil la isi a, e sanble tankou pouvwa Satan fese nou atè. Kote sa a kondane. Vil sa a kondane.

¹⁴⁴ Kisa Billy Graham te di lè l te antre nan Louisville? Li te di ke sa se “kote ki plis anba pouvwa demon” ke l te janm wè nan vil la. Li te mete l nan jounal, li te di: “Ou ka jis santi presyon dyab la.”

¹⁴⁵ Natirèlman, m te santi l. Pouki? Sa se pwòp kay mwen. Lè Jezi te retounen nan Pwòp kay Li, Li te di Li pat ka fè anpil zèv pwisan, poutèt enkredilite yo. Li te di: “Yon pwofèt pa ret san lonè, yon predikatè, eksepte nan pwòp—nan pwòp peyi li, nan mitan pwòp pèp li.” Ou wè? Ou pa ka anpeche sa, Lekriti di sa. Ou wè?

¹⁴⁶ Bon, lè w mache nan vil la isi a! E pa di m mwen pa t ap konnen. Mwen mache al jwenn moun ki banm lanmen epi yo di: “O, Frè Branham, mwen renmen w.” E ou konnen sa se yon manti! Ou konnen sa se yon manti. Si Bondye ka di m disènenman kè, pouki L pa ka di m sa?

¹⁴⁷ Sèten, e la menm nan mitan pwòp moun ou yo nan viwonn vil la! Lè yo wè w, yo di: “Ebyen, ou konnen, mwen te wè kote entèl entèl . . .”

“Ki kote? Ki kote sa te ye?”

“Anlè sa . . .”

“En! Nou konn nèg sa a!”

148 Ou santi l. Kite m di nou, kite yon moun ki pa twò renmen w vin lakay ou, chita lakay ou jis on ti moman epi santi sansayon etranj sa a. Miltipliye sa pa katòz mil kounye a, lè sa w konprann de kisa m ap pale. Apresa rive nan yon plas kote tout moun renmen w, sansayon yo kontan wè w sa a, jis, o la la, ou ta ka jis rete la pou toutan, ou wè. Se sa, ou wè, se yon lespri. E moun yo pa konnen sa l ye, y ap mande tèt yo poukisa moun yo sitèlman kontamine.

149 Kisa ki fè plizyè medam debyen, kisa ki fè plizyè medam debyen mete rad vilgè sa yo sou yo epi soti la? Kisa k fè, menm kounye a lè l toujou fè frèt la, ti jennfi sèz an, ak rad sou yo ke yo pa ta dwe mete devan manman yo, epi yo deyò a nan lari a? Se paske, pa timoun sa a (timoun sa a pa konn sa k pi bon), men paske kèk predikatè sou chè a pa reyisi kenbe pòs travay li. Se egzaktaman vre. Sèten. Fanm yo al nan lari a, e yo tout abiye seksi ak bagay konsa, epi pechè yo ap gade yo epi yo pa konnen ke an reyalyte li jis koupab tankou l t ap viv ak mesye sa a. Jezi te di sa! Jezi te di: “Kèlkeswa moun ki gade yon fanm pou l anvi li, li deja komèt adiltè avè l nan kè l, e li pral gen pou reponn sou sa nan jou jijman an.” Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la!

150 Mwen konnen nou panse mwen se yon nonm ki di. M pa di! Mwen se frè nou, e m renmen nou.

151 Chape gwo kòlè k ap vini an! Al nan kwa a epi kriye jouk kè w ranpli ak Lespri Li, ki pral fè w vire tounen kite tout bagay lemonn, epi mache avèk pyete devan Li, ak kè w k ap boule pou Li. Lanmou! Pa yon devwa. Kris se pa yon devwa, pou sèvi Kris, se yon lanmou ki sèvi Kris. Sa mete presyon sou ou, fòse w, jouk chak vibrasyon nan vi w bat pou Li. Se lè sa a ou wè peche.

152 E Li te kriye sou latè. Sa te fè Bondye mal nan epòk Noye, lè L te wè kè yo. E Jezi te chita sou bit la, epi L te di: “Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa M ta dwe kouve w, men lè pa w rive e yo kite kay ou a nan dezolasyon.”

153 Se konsa l va ye lè Vini Pitit Bondye a, kè vrè kwayan reyèl la brize. Li wè kounye a menm ke dwe gen yon revèy k ap simaye nan peyi sa a. Kijan sa ka fèt nan yon bann ilejitim? Kijan sa ka fèt, lè yo kondane pou kòmanse?

154 Wayòm Bondye a tankou yon nonm ki te voye yon nas nan lanmè a, e, lè l te rale l vini, li te gen tòti, ti tòti, koulèv, krapo, kèk pwason. Se pa li ki pou deside kisa, li te jis voye l sou riv la. Se sa Levanjil la fè. Se sa Billy Graham, Oral Roberts, mwenmenm, ak tout lòt predikatè k ap preche Levanjil la, voye l deyò, rale l anndan: “Men yo, Seyè.” Men kisa n ap fè chak fwa? Nou reyalyze, anvan nou ka retounen ankò, yo retounen dwat nan letan an ankò. Kisa l ye? Pou kòmanse, se te yon tòti. Sa pat fè l chanje, pou l pran nan nas Levanjil la. Li te yon tòti pou kòmanse. Li te yon ti tòti pou kòmanse. Li te yon koulèv pou kòmanse. Li te yon

ipokrit avan l janm vin nan legliz la. Li pat gen okenn dezi pou l te menm kite bwè l la ak jwe aza l la, ak fimen ak bay manti, ak vòlè. Li jis antre paske l te pè lanfè. Ou fè de tèt ou yon kandida pi plis pou li, lè w fè sa. Se vre. “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e p ap gen anpil moun k ap jwenn li.”

Ann lapriyè.

¹⁵⁵ Seyè, o, sonde mwen, Seyè. Jije ka pa m lan kounye a menm, Seyè. Pa kite m gen pou m al nan jijman devan W, apre m fin preche fason sa a. O, si gen nenpòt bagay ki pa pwòp nan mwen, Seyè, retire l, tanpri! Nou wè n ap viv nan yon jou, kote gason ak fanm ap vin sitelman rèd. Yo se lawont. Ou te di yon fwa: “Pa menm gen jennen ki make sou figi pitit fi Siyon yo.” Modesti yo sitelman ale jouk jennen pa menm make sou figi yo ankò. O Seyè, panse a sa! E konnen ke revèy la lòt bò a ap bat, jis yon minit ou de an plis, e gran destriksyon an pral vini, alò kite sila ki sal la toujou ret sal.

¹⁵⁶ Bondye, leve nou tout maten an. Sekwe nou, Seyè! Nou wè siy yo ap parèt. Nou gen je nou louvri pou n konn sa. Nou wè milyon, milyon, Seyè, ki vire do yo epi y ale. Mwen mande m, kisa m ka fè, kisa m ka fè, O Seyè? Èske gen nenpòt bagay, Seyè? Si sa pran plis predikasyon, plis lapriyè, plis nenpòt bagay, ede m, Seyè, ke m ta ka pote Mesaj la bay moun yo. Kisa m ka fè? Men yo refize L san rete. Ou fè gran siy Ou yo e Ou fè bèl mèchè Ou yo, e poutan moun yo kontinye mache pòs yo. Èske se Lekriti W ki dwe akonpli, èske se tan an pou “Pa gen okenn moun ki ka vin jwenn Mwen eksepte si Papa M atire li, e tout sa yo ke Papa a ban Mwen pral vin jwenn Mwen”? Seyè Bondye, akòde maten an ke moun yo va leve pou yo wè dènye siy sa a sou latè a. Mwen priye, Bondye, ke Ou va akòde yon bagay bay moun yo.

¹⁵⁷ Beni ti pèp sa a isi a maten an. Bondye, kòmanse ak Frè Neville, Seyè. Geri kò li. Li malad maten an, Seyè, lestomak li deranje. Mwen priye ke men gerizon W lan pral poze sou li. Brase nanm li.

¹⁵⁸ Bondye, soti al nan mitan kongregasyon sa a. Gen gason ak fanm ki chita isi a ke petèt mwen p ap janm wè yo ankò jouk jou sa a nan jijman an, alò m gen kont pou m rann. Men m te li Pawòl Ou: “Pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, e men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.” O Seyè, kite se “tikras” sa a, kèk ladan yo, èske W vle, Seyè? Akòde ke chak moun isi a.

¹⁵⁹ Mwen priye tankou yon nonm te ka sèlman lapriyè. Seyè, moun sa yo t ap fè nenpòt bagay pou mwen, nan zafè ede mwen. Si m te grangou, yo t ap nourri m. Si m te bezwen yon kostim, yo t ap achte l. Yo ta pral ansanm pou yo achte yon machin pou mwen, pou preche Levanjil la. Yo t ap fè nenpòt bagay nan sans sa a. O Papa, sonde nanm yo maten an, tanpri fè l, e kite yo chache jwenn li devan W. M pa konnen, mwen konfyans ke yo tout nan Eli sa a. E mete m ladann, tou, Seyè. E si gen nenpòt rezon nan

mwen ki ta fè m pa ladann, Seyè, Ou jis revele l ban mwen, m ap ranje sa kounye a menm. Mwen vle sèten, Seyè, ke jou maten sa a p ap gen okenn pwoblèm bò larivyè a. Mwen vle antre jou sa a. E mwen pa konnen ki lè l ap ye, li ka petèt jodi a menm. Alò, ede m konnen, ede moun sa yo konnen.

¹⁶⁰ E lè nou wè kè nou endiferan! O, nou pran plezi nan yon bon Mesaj ke nou koute nan radyo a, oswa nan al legliz. Nou apresye yon bon Mesaj. Sa pa deranje nou pou pale de Jezi yon kote. Men, Seyè, èske peche sitèlman se yon chay pou nou, e l mennen dlo nan je nou, n ap soupire e n ap kriye e nou kanpe kont li, tout bagay, abominasyon yo k ap fèt nan vil la? Seyè, kite Zanj Bondye a wè sa sou nou, epi make nou. Akòde l, Seyè.

¹⁶¹ Malgre sa vini, Seyè Jezi, kounye a e pare kè nou, e ban nou vrè siy Ou yo ke W nan mitan nou, ke nou ta ka konnen ke n ap resevwa—resevwa dènye siy lan anvan finisman jenerasyon sa a.

¹⁶² E nou wè bagay ki pa lejitim yo, lè nonm ap viv nan nasyon an epi fè tibebe ak madanm lòt nonm, e—e ti jennfi nan lari a, e plizyè santèn bay lekòl vag chak ane epi adolesan ap vin manman, e pa gen okenn respè, e kijan fanm yo ap vin pwazon, pou tèt pa yo, nan fimen ak—ak bwè, ak televizyon yo e latriye k ap kowonp lespri timoun yo. O Seyè, konbyen tan sa ka kenbe? E Oumenm, yon Bondye Sen!

¹⁶³ O Papa, mwen—mwen gen yon sansayon etranj jodi a ke yon bagay dwe fèt rapid, Seyè. M pa konn kisa pou m di, men mwen priye, Seyè, ke W va mete nan kè nou kisa pou nou fè. Akòde bagay sa yo, Seyè. Nou mande yo nan Non Jezi. Amèn.

¹⁶⁴ Lè a tou pre. Tout moun ki sansib ki gen rezònman, konnen ke yon bagay prèt pou rive. Pa gen yon moun nan bilding sa a, ki gen bon lespri li, men ki konnen ke mond sa a pa ka kenbe anba kondisyon sa yo.

Nou pa ka kenbe, zanmi. Pa gen yon sèl bagay, antan ke pastè nou ak frè nou, pa gen yon sèl bagay ke mwen ka gide nou ladann maten an ke nan Jezikri. Pa gen yon bagay ke m konnen. Jis panse a bagay ki te pwofetize pou yo vini anvan Anlèvman an fèt, tout bagay ke m konnen fin akonpli.

¹⁶⁵ Ou di: “E mak bèt la?” Sa dwe rive nan Tribilasyon an. Legliz la ap pati lè sa a. Yo p ap bezwen make sila yo, sila yo ap fin pati, ou wè. Make a ap fèt kounye a. Make a se mete devan, mak fabrik la. Kouri sove al jwenn Bondye, kouri sove al jwenn Li rapid!

¹⁶⁶ M mande m maten an, antan n ap ret tann isi a jis yon minit. E m santi m menm jan avè nou. Mwen—mwen ka santi sansasyon nou an, nou chak k ap eseye panse: “O Bondye, sonde mwen!” Se fason sa a m santi m, tou. Mwen reyalize ke Mesaj sa yo konsa, zanmi, li pa popilè nan mitan moun yo. Ou kondane yo e ou kon- . . .ou—ou jis fè yo tonbe ba. Yon moun dwe fè sa. Mwen swete se ta petèt yon lòt moun. Men si sa tonbe se lo pa m pou m fè l, si se pou m fanm k ap foubi a, kite m foubi. Si m se . . . David

te di: “M ta pito rete nan papòt Kay Bondye a, pase pou m ta rete anndan tant yo ak peche.” Se vre. Kèlkeswa sa Bondye vle w fè a, fè l. Ou pa bezwen wont. Si genyen . . .

¹⁶⁷ E, sonje, mwen konnen sa se yon gwo bagay. Ou di: “Frè Branham, ou di se sèlman uit nanm ki t ap sove?”

¹⁶⁸ Mwen pa konnen konbyen ki pral sove, mwen pa ta ka di w. Men mwen di yon bagay: yo sitèlman p ap anpil, nan yon jou tankou sa a. Jis panse, nan jou sa a kote L te ye a, konbyen moun ki te sove. Panse a jou Noye a, ak jou Lòt—Lòt la, ak yo tout. Li te di: “Se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan, paske, pòt ki jis la, e chemen ki difisil la.” Ou wè, ou antre poukont ou, avè L, epi se tout. Ou wè? “E men p ap gen anpil moun k ap jwenn li.” Konbyen moun ki kwè ke sa se Verite Levanjil la? Jezikri te di sa: “P ap gen anpil moun k ap jwenn li.” Jis yon tikras toupiti. Fè pati de tikras sa yo. Mwen konnen sa di, se penib. E sa ban m presyon pou m di li, alòske mwen santi yon lanmou imen pou nou, men lanmou Bondye a fòse m pou m di nou l.

¹⁶⁹ Kounye a, menm Sentespri a ki te an aksyon nan epòk Abraham, te an aksyon nan epòk Kris, te pwomèt pou L isi a pou L fè menm bagay la. Li isi a. Bon, si m te di nou Laverite, Bondye gen obligasyon pou Verite sa a.

¹⁷⁰ Si m pa kenbe pawòl mwen, m pa yon moun ki fidèl a pawòl mwen. Si w pa kenbe pawòl ou, ou pa yon moun ki fidèl a pawòl ou. Kounye a, m ta ka petèt pwomèt ou yon bagay epi mwen pa ta ka fè l, men—men m ap vin di w. Si mwen dwe w yon bagay, epi m kache pou ou, mwen se yon ipokrit. Si m vin di w: “Mwen dwe w, men m pa ka peye w, men mwen pral fè tout sa m kapab,” alò w ap padone m epi ede m. Ou wè?

¹⁷¹ Nou tout dwe Bondye yon bagay. Nou dwe L lavi nou. Annou onèt sou sa. Mache pòs ou epi di . . . Pa di: “Ebyen, kounye a gade, mwen se—mwen se Presbiteryen. Mwen se Metodis. Mwen se Pannkotis. Mwen se Legliz de Dye. Mwen se Nazareyen. Mwen se Pèlren Sentete.” Pa panse sa! Pral gen dè milyon nan sa yo nan lanfè. Se pou w on Kreyen, nan Kris.

¹⁷² Konbyen moun ki pral di: “Frè Branham, sonje m nan lapriyè kounye a, mwen vle leve kanpe?” Bondye beni nou.

¹⁷³ Seyè, Ou wè men yo. Lè a isi a, gran Sentespri a te mete yon silans nan bilding sa a maten an. Mwen santi Prezans Ou. Mwen reyalize ke Ou isi a pou onore Pawòl Ou, “Mwenmenm Seyè a m te plante, e M ap wouze li lajounen kou lannwit, pou kèk pa ta va rache l nan men M.” Ou te voye Pawòl Ou pou atenn yon objektif, e Li pral—Li pral oblije fè sa, Seyè. Lekriti a di ke Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

¹⁷⁴ Yo pat ka kwè, moun sa yo nan jou pa W yo pat ka kwè ke Sentespri a te nan Ou. E Ou te fè Tèt Ou (antan ke yon Nonm) Bondye, ke, Ou te Fis de Dye a ki te ne de yon vyèj ki te vini sou latè a pou delivre nou anba peche nou yo. E paske yo te wè Lespri

Bondye a nan Ou, yo te eseye fè sa diferan. E W te di yo, Seyè: “Se pa Mwen ki fè zèv yo, se Papa Mwen ki abite nan Mwen. Li fè zèv yo. Si nou rele Abraham ‘papa’ nou. Abraham te wè jou pa M lan.” Sèten, li te wè l, lè l te kanpe bò kote L, li te wè Li k ap fè zèv ak siy sa yo. “Li te wè jou pa M lan e li te nan lajwa.” Li te di: “Nou fè erè, nou pa konn Lekriti ni Pwisans Bondye a, kijan Bondye te ka kouvri vyèj la ak lonbraj Li, epi bay nesans a yon Pitit Gason (pa yon nesans de yon vyèj) epi Limenm Li abite nan Pwisans Li an plen, nan sèl Nonm sa a.”

¹⁷⁵ E kijan L te ka pran menm San sa a sot nan Kò sa ke Li te bay kòm yon Sakrifis, epi sanktifye yon pèp ke Limenm ta ka viv nan li, kontinye zèv Li jouk nan finisman konsomasyon an! O Bondye, reveye moun yo pou yo wè sa. Akòde l. Sove tout moun ki te leve men yo. Netwaye kè yo. Seyè, men pa m anlè. Netwaye m, O Seyè. Sa se yon kay koreksyon. Sa se yon plas kote nou ta dwe lave. Kite Sentespri a lave nou maten an, e netwaye nou retire kowipasyon.

¹⁷⁶ Nou priye, Seyè, ke p ap gen yon moun ki kite isi a san l p ap ranpli ak Lespri W. Petèt p ap gen okenn emosyon sou deyò lè sa rive. Men, Seyè, ale anndan an, retire kakas la epi montre nou kisa nou ye, Seyè. Akòde l. E apre ranpli nou ak Lespri W, ak yon kè ki vrè e ki pi. E nan moman pèsekisyon sa a ak eprèv di yo, Ou va grandi pi dous e pi chè pou nou antan n ap avanse, ap ret tann jou sa a. Pandan dlo ap koule bò machwa nou yo, pou peche yo nan vil la, ke Sentespri a bese gade epi di: “Gen youn ke M ka make, li pou Mwen, li pou Mwen.” Akòde l, Seyè. Ke yo jwenn li nan mitan nou jodi a. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Lè m rive nan larivyè a nan finisman jounen an,
Epi dènye van chagren yo soufle;
Pral gen Yon Moun k ap tann ki pral montre m
chimen an,
Mwen p ap bezwen janbe Jouden poukont
mwen.

Mwen p ap bezwen janbe Jouden poukont
mwen,
Jezi te mouri pou ekspiye tout peche m yo;
Lè mwen wè fènwa an, L ap ret tann mwen,
Mwen p ap bezwen janbe Jouden poukont
mwen.

¹⁷⁷ Mwen vle konnen L kounye a. Kenbe men m, presye Seyè, kondwi mwen, kite m leve kanpe. Kite m leve kanpe isi a, Seyè, kont tout bagay ki rele pa bon, tout bagay ki sanble l pa bon. Ki mele m sa nenpòt moun di, kite m leve kanpe, Seyè. Lè m fin fè tout sa m ka fè, ede m leve kanpe. Pran men m e rale m ladann, Seyè. Fè yon bagay, kite m leve kanpe. Lè bagay sa yo vini, e trezò mond sa a ak tout granpanpan li ak glwa li; rann je m avèg pou li, kite m sèlman wè Limenm Ki te mouri pou mwen. Si sa koute

tout zanmi m genyen, si sa koute tout bagay mwen genyen; sa pa vle di yon bagay, m abandone tout sou lotèl la. Se tout, kite m kanpe fidèl. E yon jou lè souf la ap soufle nan figi m, e mwen konnen ke kè m ale e jou pa m yo fini, e tan pa m fini e kat mwen an rale nan rak la, m pa vle janbe Jouden poukont mwen. Li pral la. Wi. Lè m wè fènwa a, L ap ret tann mwen la, m p ap gen pou m janbe Jouden poukont mwen. Si m va kanpe pou Li kounye a, Li va kanpe pou mwen lè sa a. M pral viv pou Limenm Ki te mouri pou mwen an, ala kontantman lavi m pral genyen lè sa a. Se fason sa m vle kanpe.

178 M imajine gen moun ki malad isi a. Èske l te distribye kèk kat? M te bliye. Èske yo te distribye kat? Èske gen kèk kat ki distribye? Gen moun ki gen kat pou lapriye? Non.

179 Mwen jis ap tann Sentespri a. Si w jis kwè sèlman, jis gen lafwa, pa doute. Si Bondye va revele m pwoblèm ou yo. . . Kèlkeswa sa l ye a, m pa konnen; si w leve men w, ou pa konnen m e mwen pa konnen w. Alò si Bondye va revele isi a, èske w t ap kwè se te menm Zanj ki te pote Mesaj la jis anvan destriksyon an lè sa a, se t ap menm Zanj la ki t ap pote l kounye a menm anvan yon lòt destriksyon. Èske w t ap kwè sa? Si w t ap kwè, leve men w anlè. Trè byen, ke Seyè a akòde l.

180 Li chita toupre m. Gen yon lòt ki chita toupre m, se Madam Snyder isi a, oswa sa se Madam Murphy isi a, kijan l rele, ki chita isi a menm. M konnen yo.

181 M pa konn mesye sa a, li se yon etranje pou mwen. Men Bondye konnen l. Si Bondye va revele l kounye a, konbyen nan nou konnen ke se pa. . .

182 Pa gade mwen. O la la, mwen se yon moun mòn Kentucky, pou sa k konsène sa. Mwen—mwen pa menm gen ase lenstriksyon, apèn, pou—pou m ekri pwòp non mwen. Men gen yon sèl bagay ke m konnen, Mwen konnen L. E sa, sa se—sa se tout sa ki enterese m pou m konnen. Kounye a, pa—pa fè atansyon pyès a sa ki gramè mwen.

183 E ou ta ka panse ke sèmon m maten an te soti nan sijè a ak tout bagay, oudenm aliye l ak Bib la yon fwa epi gade si w pa atenn sib zewo a. Gade si linèt pou vize a pa ladann lè w—lè w mete l la. Pa aliye l ak pwòp panse pa w, men aliye l ak sa Li te di. “Pòt ki jis la, chemen ki difisil la, e p ap gen anpil moun k ap jwenn li; paske chemen ki fasil la ap mennen nan destriksyon, e pòt ki laj la, e gen anpil moun ki pase ladan li,” milyon fwa milyon pral antre ladann. Youn sou yon milyon pral petèt nan fason l vini an. Men li. Se sa L te di. Kounye a, Li pat janm bay chif sa a, men L te di: “Tankou l te ye nan epòk Noye a, uit nanm. Tankou l te ye nan epòk Sodòm lan, twa.” Sou bagay la an antye, twa te sove, pa dife. Se konsa l pral ye!

184 Kounye a, si nenpòt moun reyèlman esprityèl, mwen ta vle w gade nonm sa ki chita isi a, l ap gade m jis san rete otan l kapab.

Li te leve men l, mwen pa konnen l; mwen pat janm wè l, e mwen pa konn anyen sou li. Li jis chita la ap gade m. Men, ou wè, l ap fè yon kontak, l ap lapriyè. Kounye a, se vre. Kounye a, si Seyè a va di mwen. . . Mesye sa a ki chita distans sa de mwen, e sa se premye reyinyon nou yo, e men l chita la. Si Seyè a va revele m kisa li—kisa li. . . Mwen—mwen pa ta ka geri l. Mwen pa, mwen pa ta ka fè sa, paske Bondye deja fè sa. Men sa t ap fè lafwa nou monte. Tout moun wè kounye a, Li isi a menm, jis menm Lespri a. E sonje, Jezi te pwomèt sa, anvan finisman tan an. Se te toujou dènye siy lan.

¹⁸⁵ Lòt jou a, Leo avè m te chita nan lari a, e kèk nan nou t ap pale. E m te ret ap santi gen yon chanjman ki t ap vini, yon chanjman ki t ap vini. Lè nou te pale de sa, li p ap yon chanjman nan ministè m lan, paske l pa ka pi plis, men li pral yon chanjman nan mwen. M te toujou yon fèb e jis kite moun mennen m epi gide m, epi voye m nan chimen *sila a* epi chimen *sa a*. Si m te fè yon bagay Seyè a te di m fè sa fè lontan de sa, mwen pa t ap nan pwoblèm mwen ye jodi a. M ap soti semèn pwochenn sa a pou m sa poukont mwen ak Bondye. Wi, mesye. Mwen—mwen dwe tande sa k soti nan Syèl la. Mwen pa vle yon fèb, mwen vle kanpe sou pwòp konviksyon m yo.

¹⁸⁶ Nonm lan, Sa kontinye ap retounen dwat vin jwenn li, li chita jis dèyè a, paske nonm sa a kwè, an reyalyte li kwè. Mwen gade oditwa a tout kote, epi L tonbe dèyè a jis drèt sou nonm lan. Li nan bezwen, li akable, men li akable pou yon lòt moun. Se vre. W ap lapriyè pou yon lòt moun. Ou gen yon lòt moun sou kè w. Se vre, èske se pa vre? Se yon zanmi. Si mwen di w ki pwoblèm zanmi sa a, èske w pral kwè mwen se sèvitè Bondye? Se tafyatè. Se vre. Si se vre, leve men w anlè.

¹⁸⁷ Èske w kwè? Yon moun bò isi a leve men yo, yon fanm dèyè a isi a, yon moun. Wi. Wè. Ou pa konnen m? Mwen se yon etranje pou nou tout? Mwen pa konnen nou, men Bondye konnen nou. Èske nou kwè sa? Si Bondye va revele m kisa k sou kè nou, èske nou pral kwè mwen se sèvitè Li? Ti dam, sa k ba w pwoblèm lan se tibebe sa a la. Se vre. E tibebe sa a gen egzema nan figi l. Doktè a pa ka fè anyen pou sa. Ou se yon etranje isi a, oumenm ak byenneme w yo ki chita la. Èske w kwè Bondye ka di m kimoun ou ye oswa ki kote w soti? Èske w kwè sa? Èske w ta vle aksepte gerizon tibebe a si L ta fè l? [Dam lan di: “Wi.”—Editè a.] Dakò, ou ka retounen nan Somerset, Kentucky, kote w soti a. E kwè ke l pral byen, egzema w la ap kite tibebe a si w ka kwè l.

¹⁸⁸ Lè m te mansyone mo sa a, yon moun ki kanpe dèyè a la a nan sal antre a, soti Somerset, Kentucky, k ap lapriyè, ak yon pwoblèm kè. Ou kwè ke Bondye ta va geri l? Si w kwè sa ak tout kè w, e kwè ke Bondye t ap geri epi fè santi byen.

¹⁸⁹ Men, men li, mwen kwè men yon moun rive jouk isi a, jis la, yon dam. Wi, m te wè men w. Èske m se yon etranje pou ou,

madam? M pa konnen w. Nou pa janm rankontre. Èske w kwè m se sèvitè Li? [Dam lan di: “Wi.”—Editè a.] Ou kwè? Ou gen yon chay sou kè w, oswa yon bagay. Ou kwè si Bondye ka revele sa ban mwen, èske w kwè Se menm Lespri a ki te nan Kris? Mari w ki chita la a, li kwè menm bagay la, tou? Èske w ta vle kwè menm bagay la? Se konsènan pitit fi w ki chita sou kote w lan la. Se sa, li gen kansè. Men èske w kwè ke Bondye va geri li? Si w kwè, leve men w. Trè byen, mete men w sou pitit la.

¹⁹⁰ Seyè Jezi, nan Prezans Lespri Ou, mwen kondane dyab la k ap touye pitit la. Mwen mete, pa lafwa, San Jezikri a nan mitan asasen sa a ak pitit la. Kite l viv. Amèn.

¹⁹¹ Gen lafwa nan Bondye. Pa doute. “Si w ka kwè, tout bagay posib.” Si w ka kwè, tout bagay posib. Kòrèkteman.

¹⁹² Yon lòt moun dèyè a la a te leve men yo, yon kote, oumenm, yon dam lòtbò a nan bout la. Ou kwè m se sèvitè Bondye? Mwen pa konnen w, ou pa konnen m. Èske w kwè ke Bondye ka revele m kisa k pwoblèm ou? Èske w ta vle asepte Jezi pou L se Gerisè w oswa Sila ki ba ou tout sa w bezwen, kèlkeswa sa l ye a—kèlkeswa sa l ye . . . ? Ou kwè sa alò? Dakò, alò kriz nè sa a ke w te genyen an, se sa w te genyen. Si se vre, leve kanpe sou pye w yo, si se vre, jis pou moun yo va wè ke se laverite. Trè byen, sa pral kite w kounye a. Al lakay ou epi pou w byen. Bondye beni w.

Ou soti nan Kentucky, tou. En-en, se vre.

¹⁹³ Dam ki chita la bò kote w la soti Kentucky, tou. Li menm, tou. Mwen pa konnen w, se sa? Men mwen ka di w ou gen yon pwoblèm. Si m ka di w sa k pwoblèm ou, w ap asepte Kris kòm Gerisè ou? Se nan ranch ou. Si se vre, leve men w, byen wo nèt pou moun yo ka wè. Trè byen, al lakay ou kounye a, sa pral kite w. Lafwa w fè w vin byen.

Mwen ban nou defi pou nou kwè. Mwen bay lafwa nou defi pou kwè.

¹⁹⁴ Men yon dam chita isi a, ap lapriyè, li mete mouchwa l devan figi l. Mwen pa konnen w. Bondye konnen w. Ou soti Joliet, Illinois, e ou gen yon timè. Se egzaktteman sa. Ou dwe ap mande w . . . (Wi, sa se—sa se madanm Rosella te mennen an. Se vre. Tann, li te pale m de sa, men li pat janm konnen ke m pat janm konnen fanm lan. Se vre. Sa jis rive ke lafwa madanm lan te gran.) M pral di w yon sèl bagay ou—ou konnen ke m pa konnen. W ap lapriyè pou timoun sa a ki chita isi a nan bout chèz la, ki malad. Sa se pitit ou. Se vre. Amèn. Ou konnen mwen pat konn sa.

¹⁹⁵ Men Li, Se Sentespri a! Èske nou kwè L? Èske nou asepte Li? Alò si se vre, sa m te di sou “pòt ki jis la, e chemen ki difisil la” se vre. Jezikri, Pitit Bondye a, isi a menm kounye a. Lespri Bondye vivan an isi a menm. Èske nou kwè Li? Alò, pou m kite nou konnen ke mwen pa okenn moun pou geri, mwen pa yon

gerisè, men Lespri Bondye a te jis chwazi m pou m manifeste Li. Mwen pa gen okenn enstriksyon. Mwen pa gen okenn konesans de anyen. Men se Lespri Li ki fè sa, ou wè, e Li vle ke n konnen ke mwen te di nou Laverite.

¹⁹⁶ Sa se Laverite, ke Jezikri fè nou tout vin byen kounye a menm si nou va kwè sa. Kounye a jis tankou. . . Si Sa te mache nan Kingston, ke misyonè yo, oswa nenpòt kimoun ki te lòtbò a, te wè Sa mache nan Kingston, pa milye ki t ap geri, poukisa Sa p ap mache isi a nan Etazini sa a kote nou gen fason l ye kounye a? Poukisa nou pa ka kwè sa? Pakse nou pa ka janbe ti fizi sa a lòtbò a. Èske nou kwè sa? Leve men nou yo.

¹⁹⁷ Kounye a, menm men sa yo, mete yo sou yon moun sou kote nou, kite m priye pou li etan m isi a menm, e piga nou gen okenn dout ankò nan kè nou, sa ap fè l fini.

¹⁹⁸ O la la, Frè Neville! Pou jan m te swete, pou jan m te priye, pou jan m. . . Ou dwe te panse ke m pa nan bon sans mwen; se pa sa. Mwen konn egzaktman ki kote m ye. Si sèlman mwen te kapab fè nou jwenn ti bagay sa a! Èske nou reyalize ke Jezikri, Pitit Bondye, isi a nan mitan moun yo maten an, kounye a menm, prezan kounye a menm, ap montre Tèt Li?

Ebyen, ou di: “Frè Branham, ou te di sa.”

¹⁹⁹ Kijan m te di sa? Mwen pa konnen nou. Gen yon lòt madanm ak Tibèkiloz. Ou geri, sè. Ke w beni. Eskize m, ou t ap lapriye pou yon madanm ak Tibèkiloz, paske se yon madanm cheve blan. Ya. Trè byen, kwè l. Dakò. Li isi a. Se Prezans Li.

²⁰⁰ Bon, men sa L te di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad, yo va geri.” Kijan L ka fè bay manti? Ou wè, sa pa sou Li, sa pa sou mwen, kounye a sa sou ou. Kounye a se oumenm ki pou kwè.

²⁰¹ M ap gade yon ti madanm ki chita deyè a la jis kounye a, li gen anpil lafwa. Limenm ak mari li jis fèk vin jwenn Seyè a. Li chita nan reyinyon sa a menm, li te gen yon dechiri ke doktè a ta pral opere sou li jis anvan, e tibebe l la te prèt pou l fèt. E doktè a ta pral opere apres, men tibebe a te fèt e yo pa ka jwenn okenn èni ankò. Tout disparèt. Ou wè? Poukisa? Li te jis chita tankou. . . Li pat janm isi a la sou lestrad la konsa. Li te jis chita deyè a la e l te kwè li. Se pa vre, Madam Green, mwen kwè se sa, deyè la? Se sa. Ou wè men li? Doktè a pa menm ka jwenn dechiri a, tout disparèt. Poukisa? Li te kwè l, li jis mache pòs li epi l di: “Se vre!”

²⁰² Kounye a fè menm bagay la, e tout afliksyon ou genyen ap gen pou y ale. Bondye, Kimoun ki ka—Kimoun ki ka voye Yon Bagay nan kò yon imen, pou fantom sa nan mòde sèpan sa ki te nan pye mesye sa a, ap anpwazonnen, pou touye li, e ki ka rete li e touye li la menm, kijan Li ka plis touye maladi yo ki nan kò nou. Paske, mesye sa te nan detrès e li te dwe gen èd. Oumenm tou ou dwe gen èd. Si w pa genyen l, w ap mouri.

203 Kounye a kenbe men nou yo youn sou lòt. Piga nou priye pou tèt nou, priye pou moun ki sou kote nou an. Sa se tankou Kreyen.

204 Aprann sa, aprann sa, ke, jan w fè l pou lòt yo, se konsa w fè l pou Kris. Lè w fè byen pou yon lòt moun, ou fè Kris byen. Si w maltrete yon lòt moun, w ap maltrete Kris. O la la!

205 O, si m te ka sèlman fè on jan pou sa pase, si m te ka jis fè moun yo wè l, sa m ap gade a e sa m ap santi a, e sa m konnen k ap pase a, ou wè. Kijan Kris ap pouse Mesaj sa a maten an, pou l rive dwat nan kè moun yo e kreye yon bagay la; pa yon eksitasyon, pa yon emosyon (sa vini avè l), men pou kreye yon lafwa la ki p ap mouri ki p ap di, bay yon pous bay lènmi an.

206 Kounye a, L ap tandè priyè mwen, L ap tandè pa nou yo. Priye youn pou lòt kounye a, pandan m ap priye pou nou tout.

207 O Seyè, gran moman kritik sa a, nou reyalize ke sa pral vle di diferans lan ant lavi ak lanmò, pou anpil. E mwen tranble nan Prezans Ou, paske mwen konnen, Seyè Bondye, ke mwen dwe priye ak tout kè m. Mwen reyalize ke menm si petèt pa gen yon moun malad nan mitan nou nan pwochen senk minit yo, ke chak moun isi a va rekonèt ke W isi a. Men yo kanpe isi a maten an, Seyè. Kite moun sa yo leve men yo ki te konnen ke mwen pa konnen yo, e anyen sou yo. Men Lespri Ou konnen yo. Ou konnen sekrè kè yo, kijan W konnen pi plis afliksyon yo ak soufrans yo! Alò, Seyè, kite sa fèt jodi a, kite sa fèt menm kounye a ke Lespri Ou va touche kò yo ki malad. Akòde l, Seyè. Y ap lapriyè youn pou lòt.

208 E mwen priye, Chè Bondye, ke Sentespri a va fè l sitèlman reyèl pou yo, ke yo p ap janm pa kwè ankò. E gen yon lòt maladi, Seyè, ki pi gran nèt pase maladi fizik sa a, se yon maladi esprityèl. Ke chak kè louvri.

209 Seyè, kijan sa ka fèt ke W te kanpe la bò kote Abraham, e W te fè menm bagay sa a, Ou te di Sarah ki te “dèyè do” W, Lekriti di: “li te ri nan tant lan,” e Ou te di l sa. E Abraham te rekonèt ke sa se te Elohim, gran Bondye a. Kèk minit apre Ou te disparèt nan je l.

210 E, Seyè, lè Jezi te kanpe epi L te fè menm bagay la, e L te di: “Nou rele Abraham ‘papa’ nou, e poutan nou di nou konnen Lèzekriti.” Li te di: “Nou nan lerè, nou pa konnen Lèzekriti ni Pwisans Bondye a.” E yo te rele Li “Bèlzebou.”

211 Men Ou te pwomèt nan dènye jou yo ke W t ap vide Lespri W ankò. Pwofèt la te di: “Nan tan aswè a va gen Limyè.” E men nou isi a.

212 Lè mond ilejitim sa a ap sonbre anba peche, tankou yon tafyatè k ap titibe lanwit lakay li, byento l ap eksploze nan mitan, p ap menm gen pousyè vòlkan, apèn, k ap rete nan li. E nou wè tan an ap pase.

213 O Bondye, retire tout dout nan nou. Fè nou bouje nan sik sa kounye a menm. Vini, Sentespri. Louvri gwo zèl Ou yo, kouve ti oditwa moun sa a kounye a menm, e kite Ou plen anndan kè yo, e kite yo konnen ke Ou nan Prezans Divin, ke se Oumenm: “Mwen se Seyè a Ki geri tout maladi w yo.” E ke Prezans Ou fè yon bagay pou kè yo ki pral lakòz yo pral soti isi a, maten an, antan y ap kwè ak tout sa k nan yo. E ke chak malad ak moun ki aflije geri.

214 Paske, antan ke sèvitè Ou, mwen kanpe et mwen kondane tout dyab, kondane maladi a, kondane Satan.

215 Ou pèdi, e w pa anyen lòt ke yon blòf. E nou rele men w sou li maten an, nan Non Jezikri. E antan ke sèvitè Li, k ap preche Pawòl Li epi di moun yo Laverite, ke pou yo vin dwat epi aliye yo ak Pawòl Bondye, mwen kondane w, Satan, nan Non Jezikri. Soti kite chak grenn nan moun sa yo ki soti lwen e pre, pou yo geri. Rale kò w nan oditwa sa a ak moun sa yo. Mwen ba w lòd la pa Bondye vivan an. E Bib la te di: “Priyè efikas, fèvan de yon nonm k ap viv dwat va gen anpil pouvwa.” E anpil mesye dwat mete men yo sou malad, maten an isi a. O, Satan, ou ta renmen fè yo panse se te mwenmenm, lè sa a ou t ap pran glwa a nan men yo. Men se lafwa yo nan Bondye, tou, yo kwè Bondye! E w ap gen pou soti, pa lafwa yo. Alò rale kò w lwen isi a, epi al deyò a nan fènwa a kote plas ou ye. Mwen kondane w, nan Non Jezikri, pa otorite Bib Bondye a, komisyon pa m pa yon Zanj. Kounye a pati, nan Non Jezikri, e kite yo lib. Amèn.

216 Èske nou kwè, tout kè nou, ke nou geri? Leve men nou, di: “Kounye a mwen asepte Jezikri kòm Gerisè mwen. Tout lonbraj disparèt sou mwen. Kounye a mwen asepte Li nan pwisans Li an plen, nan benediksyon Prezans Li. Mwen asepte Li.”

Lafwa m gade sou Ou,
Oumenm Ayo Kalvè a,
Sovè diven;
Kounye a tandè m pandan m ap lapriyè,
Efase tout peche m yo,
Pa janm kite m pèdi wout mwen
Sot bò kote W.

Kounye a annou leve men nou tou dousman ba Li kounye a.

Antan m ap kase koub fènwa lavi a,
E chagren ap gaye nan viwonn mwen,
Se pou W Gid mwen (O Bondye!);
Ke fènwa tounen lajounen,
Efase soufrans, laperèz,
Pa janm kite m pèdi wout mwen
Sot bò kote W.

...gras rich!



PÒT KI JIS LA CRE59-0301M

(Strait Is The Gate)

YON SERI SOU LEGLIZ YO

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle nan dimanch maten, 1 mas 1959, nan Branham Tabènak nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A, yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org